

NORWOOD PUBLIC SCHOOLS

*Sipè-entandan: Dr. Dave Thomson
Asistan Sipè-entandan: Dr. Alec Wyeth*



DR. PHILIP O. COAKLEY MIDDLE SCHOOL

Liv Gid pou Elèv, Paran ak Gadyen

Direktè: Dr. Margo Fraczek
Asistan Direktè: Anthony Freeman
Asistan Direktè: John Greeley

2022-2023

1ye Out 2022

Chè Kominote Coakley Middle School

Byenvini! Nou te jwenn anpil difikilte pandan dènye lane lekòl nou sot pase a, genyen enpe ke nou tap atann ak enpe ke nou patap atann, men mwen fyè de travay di ak detèminasyon ni pèsònèl la ni elèv yo ki te ede nou pèsèvere atravè grandisman ak devlopman nesèsè yo. Nou patap kapab fè sa san nou tout ki travay ansanm. Pandan nap kontinye navige nan nouvo mond sa a, mwen konnen ke kominote fò nou an pral travay ansanm pou kreye yon ekselan eksperyans edkikasyon pou tout moun.

Lane lekòl 2021-2022 a te yon tan pou re-oryante epi aprann konnen elèv nou yo ak "nouvo nòmàl" sa a, an 2022-2023 nou pare pou nou pran difikilte yo epi grandi kòm edikatè ak elèv yo. Kèk lan domèn konsantrasyon se pral:


- Nou ogmante kantite klas ki co-anseye yo pou yon pi bon sipò edikasyon espesyal ak elèv lang Angle yo
- Entegre fòmasyon ane pase a sou pratik Anseyman Kiltirèlman Enpòtan epi Dirab (Culturally Relevant and Sustainable Teaching) lan eksperyans edikasyon chak jou nou an pou asire ke tout elèv yo wè, tandè, epi fè eksperyans tèt yo panda lane lekòl mwayen yo.
- Konsantre devlopman matematik nou an pandan nap vize estratejikman gwoup elèv nan tout nivo edikasyon matematik yo.
- Epi kontinye jwenn mwayen ki pi efikas yo pou itilize pèsònèl Repons pou Entèvansyon (Response to Intervention) nou an pou sipòte tout elèv yo.

Nou konnen ke nou gen travay pou nou fè ak fòs pou nou devlope, men mwen konnen ke pandan ke nap travay ansanm kòm yon kominote ak yon patenarya lekòl/lakay solid elèv nou yo pral jwenn gwo siksè pandan yap soti lekòl mwayen pou ale nan lekòl segondè.

Byenvini nan ane lekòl 2022-2023 an.

Sensèman,

Dr. Margo Fraczek



NORWOOD PUBLIC SCHOOLS

ADMINISTRATIVE OFFICES • JAMES R. SAVAGE EDUCATIONAL CENTER

P.O. BOX 67 • 275 PROSPECT STREET, NORWOOD, MA 02062

TEL (781) 762-6804 Ext. 5819

FAX (781) 762-0229

VOICE/TTY - Use Phone Relay



DAVID L. THOMSON, Ed.D.

Superintendent of Schools

ALEXANDER WYETH, Ed.D.

Assistant Superintendent for Curriculum,
Instruction & Assessment

Jwen 2022

Chè Fanmi,

Se yon plezi pou mwen pou di nou byenvini lan Norwood Public Schools pou ane lekòl 2022-2023 a. Nou paka tann pou nou bay elèv nou yo bon kalite edikasyon. Nou pral kontinye apiye sou ansèyman ane pase yo ki konsène pratik ansèyman ki reponn kiltirèlman pou amelyore epi pèsonalize aprantisaj pitit ou a. Norwood Public Schools ap kontinye angaje li pou bay chak elèv yon edikasyon konpreyansif epi ak nouvote nan yon anviwònman enklizif, an sekirite, epi ak sipò. Deklarasyon misyon sa a pran yon nouvo sans kòm travay pou akselere aprantisaj pou konpanse pou kèk ane pase difisil yo. Yo bay Liv Gid sa a pou yo ka si ke chak elèv ak fanmi li gen tout konesans epi aksè pou règleman, atant, ak pwosedi chak jou yo pou asire siksè lan Norwood Public Schools. Alò, li esansyèl pou nou gade dokiman sa ansanm, epi si nou ta jwenn nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri asire ke nou kontakte administrasyon lan lekòl pitit nou an.

Nou gen chans ke nou gen sipò gwo kominote sa a pandan ke nap travay pou ankouraje grandisman elèv ou an alafwa pèsònèlman kòm moun epi akademikman. Poto mitan efò sa a se kominikasyon ant lakay la ak lekòl la ki kreye yon patenarya ki konsantre sou asire yon ane ak siksè.

Sensèman,

David L. Thomson, Ed.D

Superintendent of Schools (Sipè Entandan Lekòl yo)

Tab dè Matyè

Apèsi Liv Gid	8
PREZANS LEKÒL.....	10
Lwa Eta Ki Konsène yo	10
Absans Eskize	10
Absans ki Pa Eskize	11
Absans Eskize Medikalman.....	11
Vwayaj Fanmi	11
Absanteyis ak Pa Vin Lekòl	12
RETA.....	12
RANVWA.....	13
TÈS MCAS AK ABSANS	13
ATANT AKADEMIK	13
Kou yo	13
Ekip yo	13
Gid ak Atant pou Devwa:.....	14
RESPONSABLITE AKADEMIK.....	15
RAPÒ PWOGRÈ MWATYE TÈM.....	15
KANÈ NÒT	15
Sistèm Nòt.....	15
ASPEN	16
NÒT KI PA KONPLÈ.....	16
MOVE NÒT AK LEKÒL ETE	16
ÈD ANPLIS/RATRAPAJ TRAVAY.....	17
KONDISYON POU ONÈ	17
PLAN AMELYORASYON AKADEMIK	17
EKIP SIPÒ ELÈV	17
LIV LEKÒL.....	18
Chromebook.....	18
REKÒMANDASYON PWOFESE POU LEKÒL PRIVE	18
KOU ATIZAY ESANSYÈL.....	18
EDIKASYON FIZIK.....	18
ATANT POU KONPÒTMAN	20
CMS PRIDE (FYÈTE CMS)	20

ITILIZASYON TELEFÒN.....	21
TELEFÒN SELILÈ.....	21
ITILIZASYON ÒDINATÈ.....	22
BOUTÈY DLO.....	22
RÈGLEMAN ABIMAN	22
ATANT POU KAFETERYA	23
ASAMBLE.....	24
RESPÈ POU BYEN LEKÒL.....	24
Operasyon chak jou	25
PASE DE YON KLAS ALE NAN LÒT KLAS	25
RÈGLEMAN OTOBIS.....	25
AKTIVITE ELÈV.....	25
ESPÒ ANDEDAN MI.....	26
LÒT AKTIVITE	26
Pwotokòl KOVID19	26
RIVE LEKÒL.....	26
BISIKLÈT, SKETBÒD AK LÒT KALITE TRANSPÒ SOU WOU.....	27
KAZYE	27
PÈDI AK JWENN.....	27
BIBILYOTÈK.....	27
LESE-PASE	27
KOMINIKASYON.....	28
Patenarya Lakay/Lekòl ak Kominikasyon.....	28
Anonsman Lekòl Fèmèn.....	28
Anonsman Klas/ Maten.....	28
Imel Mizajou pa Semèn.....	28
Avètisman	28
Nòt Siyen ak Fòm Pèmisyon.....	29
EVENMAN ASWÈ.....	29
VIZIT ANDEYÒ.....	29
SÈVIS SANTE.....	29
Enfimyè Lekòl.....	29
Ranvwa Poutèt Maladi	29
Sèvis Sante	29

DEPISTAJ SANTE OBLIGATWA	30
Depistaj Sante Anplis.....	31
Chòk (Comosyon) Serebral.....	31
Enfòmasyon Sante soti nan Depatman Enfimye a.....	32
Blesi Pandan Ane Lekòl	32
Medikaman Preskripsyon ak San-Preskripsyon	32
KI LÈ POU KENBE PITIT OU A LAKAY.....	32
RÈGLEMEN BYENNÈT	33
SIPÒ SOSYAL EMOSYONÈL	33
DEPATMAN ORYANTASYON.....	34
KONSEYE AJISTEMAN LEKÒL.....	34
RÈGLEMEN KONT-BRIMAD NORWOOD PUBLIC SCHOOLS	35
DEFINISYON ATAK, PÈSEKISYON, AK BRIMAD SOU KANMARAD.....	36
AKSYON DISIPLINÈ.....	39
PWOTOKÒL KONSEKANS SAL KLAS.....	39
PWOTOKÒL KONSEKANS BIWO.....	39
DETANSYON BIWO (DEJENE) MANJE MIDI.....	40
DETANSYON BIWO	40
DETANSYON SAMDI	41
PWOTOKOL SISPANSYON	41
PWOSEDI NÒMAL.....	42
DISIPLIN POU ELÈV KI GEN ANDIKAP.....	45
Disiplin Elèv Ki Gen Andikap Dapre Seksyon 504.....	47
GOUMEN AK ATAK.....	48
TRICHE AK PLAJYA (KOPYE)	48
KONTRA KONPÒTMAN	49
ABI AK NEGLIJANS SOU TIMOUN	49
RÈGLEMEN EGZIJANS C.O.R.I.....	49
PWOSEDI FÈMTI LEKÒL POU IJANS.....	50
LWA SOU DWA AK KONFIDANSYALITE POU EDIKASYON FAMILYAL (FERPA).....	50
FOTOGRAFYE ELÈV AK ANREJISTRE YO SOU VIDEYO.....	50
BRIMAD INISYAYON (HAZING)	50
LWA REFÒM EDIKASYON MASSACHUSETTS 1993	51
DEKLARASYON KONPREYANSYON (M.O.U.)	51

RÈGLEMEN KONSÈNAN DISKRIMINASYON AK PÈSEKISYON	51
EDIKASYON ESPESYAL	53
SEKSYON 504.....	53
Aprantisaj Lang Angle.....	53
RESPONSE-TO-INTERVENTION (RTI) (REPONS-RIVE NAN-ENTÈVANSYON)	54
MODÈL 3 NIVO A.....	54
FÈMTI AK EGZÈSIS IJANS.....	55
ZAM	55
RESPONSABLITE POU PARAN KI PA GEN GAD POU RESEVWA DOSYE ELÈV YO.....	55
TRANSFÈ DOSYE.....	56
DESTRIKSYON DOSYE ELÈV	56
LWA SOU DWA AK KONFIDANSYALITE POU EDIKASYON FAMILYAL (FERPA).....	56
LWA SOU AVÈTISMAN PARAN	56

Apèsi Liv Gid

RÈG ABIMAN AK TELEFÒN SELILÈ

Règleman telefòn selilè

Telefòn selilè pa dwe sou elèv yo pandan jounen lekòl la.

- Premye de ofans yo - Asistan direktè a oswa direktè a pral reyini ak paran elèv la epi yap remèt elèv la telefòn lan.
- Dezyèm ak ofans apre yo - Yo pral avèti paran/gadyen an epi yap evalye yon detansyon pou elèv la. Elèv yo ki gen telefòn selilè sou yo pandan jounen lekòl la pa ede nan kenbe yon anviwònman dirije sou aprantisaj. Lè règ sa a pa respekte sa ka mennen aksyon disiplinè anplis.
- Sèvi ak telefòn selilè oswa lòt aparèy mesaj pou pran foto oswa videyo andedan Coakley Middle School la entèdi tout tan ak ladan li pwopriyete lekòl la ki gen ladan li bis lekòl yo.

Règ abiman

Elèv yo ta dwe abiye pou yo pare pou ale lekòl, lan yon jan pou yo alèz pou jounen an. Sak apre yo konsidere kòm vyolasyon règ abiman an:

- Chemizèt Do touni
- Chemiz pou montre misk
- Vant Deyò
- Linèt Solèy
- Chapo/kepi/kouvèti tèt (ak eksepsyon relijye)
- Brasle ak Pwent
- Gwo Chenn Lou
- Pantalon Pijama/Pantouf
- Nenpòt rad ki montre dwòg, alkòl, obsenite, oswa lòt materyèl ki pa apwopriye pou lekòl

PREZANS AK PINISYON

Lè Lekòl: rive 8:45 pou Lage: 3:20

Coakley Middle School biwo prensipal nan 781-762-7880

Règleman Prezans

- Elèv ki pa nan klas a 8:45 AM yap make ke yo absan pou jounen an.
- Absans ki gen eskiz oblije gen yon nòt medikal oswa dokimantasyon pou lanmò fanmi
- Vakans yo se pa absans ki ekskize
- Plis pase 5 absans se lakòz pou enkyetid (lwa eta a pèmèt 7 absans nan yon peryòd sis mwa.
- Tanpri rele liy absans lan (781-762-7880) si elèv ou a pap la.
- Rive apre 12:00am oswa ale avan 12:00am konsidere kòm absan.

Reta ak Ranvwa

- Elèv yo ki pa lan klas a 8:45 konsidere an reta
- 0-4 reta - pa gen penalite
- 5-7 reta - detansyon manje midi
- 8-9 reta - detansyon apre lekòl
- 10+ reta - detansyon Samdi

Pinisyon Kontinye - Tout Pinisyon komanse ak yon konvèsasyon epi ogmante pandan ke elèv yo ap angaje nan vyolasyon soti nan detansyon manje midi rive nan Sispanasyon An-Deyò-Lekòl. Prèske tout vyolasyon yo jere menm moman an nan lekòl la ak konsantrasyon sou fè elèv yo tounen nan kou.

Detansyon Manje Midi - 30 minit pandan manje midi

Detansyon Biwo - 50 minit apre lekòl

Sispanasyon nan Lekòl - Tout jounen nan biwo lekòl la

PREZANS LEKÒL

Komite Norwood School la kwè anpil nan enpòtans prezans regilye pou tout elèv yo. Komite a swiv, epi respektè konplètman, Chapit 76 nan Lwa Commonwealth of Massachusetts yo, ki defini règleman prezans yo. Eksepte nan ka maladi yo oswa sikonstan espesyal yo, yo atann ke elèv yo prezan lè lekòl ap fonksyone. **Elèv ki pa nan klas a 8:45 AM yap make yo absan pou jou a.** Elèv ki rive anreta lekòl dwe ale nan biwo prensipal la pou asire presizyon dosye prezans lekòl la.

Tanpri konnen ke kòmanse ak ane lekòl 2018-2019 la, absanteyis kronik se yon pati nan Massachusetts Public School Accountability Score (Pwen Responsablite Lekòl Piblik Massachusetts). Enpòtans prezans nan lekòl pou aprantisaj yon elèv menm jan ak byennèt emosyonèl li pap janm twòp.

Paran/gadyen yo dwe rapòte absans yo bay biwo prensipal Coakley Middle School la nan 781-762-7880.

Lwa Eta Ki Konsène yo

Prezans regilye lekòl enpòtan anpil pou siksè akademik ak sosyal yon elèv. Dapre M.G.L. Chapit 76, Seksyon 1 nan Lwa Jeneral Massachusetts yo, lekòl yo ka eskize jiska sèt (7) absans nesèsè oswa katòz (14) demi jounen absans lan yon peryòd sis mwa.

Anplis, M.G. L. Chapit 76, Seksyon 1B egzije ke lekòl la avèti yon paran pou okenn "elèv ki gen omwen 5 jou ke elèv sa a rate 2 oswa plis peryòd san eskiz nan yon ane lekòl oswa rate 5 oswa plis jou lekòl san eskiz nan yon ane lekòl." Lwa a egzije ke administratè lekòl yo oswa moun yo nonmen an pou pwograme yon reyinyon ak paran oswa gadyen yo pou elèv sa a. Ekip sa a - elèv la, paran oswa gadyen yo, ak direktè a oswa ranplasan an - ka enplike lòt pèsonèl lekòl, ofisyèl sekirite piblik konsène, sèvis sante ak imen, lojman ak ajans san pwofi yo.

Elèv ki gen plan aksyon prezans kapab kalifye pou sèvis yo dapre pwogram prevansyon pa vin lekòl distrik la, Imaj Plis (Image Plus). Objektif Image Plus la se pou reyini tout moun konsène yo pou yo ka sipòte yon elèv nan prezans regilye lekòl.

Absans Eskize

1. Yon nòt doktè oswa enfimyè pratikan ap eskize yon absans nan lekòl depi ke nòt la ekri sou papye antèt doktè a oswa enfimyè pratikan an, epi montre non pasyan an (elèv la) epi deklare ke elèv la te anba swenyaj li pou yon entèval tan patikilye. Dat yo DWE ladan li, sa vle di, yo pap aksepte yon nòt doktè oswa enfimyè pratikan ki pa gen dat. Doktè oswa pratikan SÈLMAN dwe siyen nòt doktè oswa enfimyè pratikan an. Nòt doktè oswa enfimyè pratikan an dwe al pote bay nan biwo prensipal la pa pita ke de semèn apre ke elèv la tounen lekòl. Yo pap aksepte nòt yo apre peryòd de semèn sa a. Nan tout ka, travay ki rate pandan absans dwe ratrape nan yon peryòd de semèn, epi se responsablite elèv la pou li fè swivi ak pwofesè yo pou asire ke ratrapaj travay la konplè nan tan limit la.

2. Absans kapab eskize tou (ak dokimantasyon kòrèk) pou konvokasyon nan tribinal menm jan ak lanmò/antèman fanmi, obsèvan relijyon, oswa sikonstans famiyal ekstrawòdinè (eskize sou desizyon direktè a).

Pou absans kout tèm yo, se reponsablite elèv la pou li jwenn tout devwa li rate yo epi pou oganize ratrapaj evalyasyon yo. Elèv yo ki pa vini paske yo malad gen de fwa kantite jou ke yo pa vini yo pou ratrape devwa yo (egzanp si yon elèv pa vini pou de jou, li gen kat jou apre ke li tounen lekòl pou ratrape travay la). Si yon timoun absan pou twa oswa plis jou, yon paran ka rele biwo a epi mande ke pwofesè pitit li a bay nenpòt travay ke li te rate. Nap mande ke ou bay yon avètisman yon jou avan ke ou planifye pou vin pran materyèl yo.

Absans ki Pa Eskize

Si yo pa kontakte lekòl la omwen lan jou apre absans lan, alò absans elèv la pral konsidere kòm si li 'pa eskize'. Absans yon elèv ki konsidere kòm 'pa eskize' kapab konte nan limit senk (5) absans san eskiz ki dekri dapre M.G. L. Chapit 76, Seksyo 1B. Tout absans, kelkeswa rezon oswa klasifikasyon an, anrejistre nan biwo prensipal la epi rezime lan kanè nòt elèv la.

Absans Eskize Medikalman

Si yon timoun wè yon doktè oswa admèt nan lopital pandan absans li a(yo), yon dokimantasyon alekri sou vizit sa a ki di nati maladi a oswa pwoblèm sante a ak nenpòt chanjman nan jounen elèv la (egzanp sèvi ak bekiy oswa pwotokol chòk nan tèt dapre Règleman Massachusetts 105 CMR 201.006 jan yo di apre a) dwe remèt na biwo a avan li retounen.

Si ou mennen pitit ou a kay doktè, sa ta ka ede lè ou bay lekòl la dokimantasyon ki apre a pou nou kapab satisfè bezwen li yo nan lekòl la:

Yon nòt doktè ke founisè prensipal swen sante elèv la bay ki bay rezon pou absans medikal la. Nòt doktè a ta dwe pèmèt jwenn akomodasyon apre yo si gen bezwen:

- Pèmisyon pou patisipe nan edikasyon fizik;
- Pèmisyon pou sèvi ak bekiy, pou sèvi ak asansè ak/oswa kite klas la bonè pou satisfè bezwen sante li yo; (** Elèv yo PAP kapab sèvi ak bekiy san yon nòt doktè);
- Si gen bezwen pou transpò pou elèv ki kalifye tanporèman kòm andikape;
- Kòmanse leson lakay li nan ka ke gen absans eksesif; ak/oswa
- Bay medikaman. (* nòt- enfimyè lekòl la paka bay okenn medikaman san yon lòd kouran doktè)

Vwayaj Fanmi

Paran/gadyen ki retire elèv yo lekòl pou vwayaje nan tan ki pa lan sa ke yo di sou kalandriye lekòl la kòm "peryòd vakans yo," dwe konnen ke absans sa yo pa eskize epi travay gen dwa pa disponib touswit. Yo rekomande ke paran yo kominike ak ekip la epi lekòl la bonè nan ka ke gen yon vwayaj fanmi pandan tan lekòl la. Elèv yo responsab pou ratrape travay ke yo te rate a epi responsablite a pou fanmi an pou fasilite vin chèche epi fini ratrapaj travay la, an kolaborasyon ak pèsònèl anseyan an.

Tout travay ak/oswa evalyasyon ki rate pandan absans lan dwe fini lan senk (5) jou lekòl, epi tankou nenpòt absans, se responsablite elèv la ak paran yo oswa gadyen yo pou pale ak pwofesè yo pou ranseye yo sou sa li rate yo, epi tou pran avantaj resous disponib yo ki pral akselere tranzisyon li nan tounen lan pwogram etikd ankou klas la. Tanpri note ke pa gen ranplasman pou aprantisaj ki fèt nan etablisman lekòl la, tanpri ankouraje elèv ou a, lè li tounen, pou li pwograme tan ak pwofesè li yo pou asire ke li ratrape tout travay li yo.

Absanteyis ak Pa Vin Lekòl

Tout elèv ki depase 10 oswa plis absans san eskiz pandan ane an yo kapab konsidere li absan kronikman. Sa ta dwe mande yon reyinyon paran ak yon plan aksyon pou elèv la, menm si elèv la gen mwens ke 5 absans eskize. Tanpri note ke, absans medikal oswa relijye eskize valab ak dokimantasyon kòrèk pa antre nan konte sa yo. Elèv yo pap penalize nenpòt kijan pou pa vin lekòl pou rezon yo ki pwotege dapre Lwa Dwa Sivil yo oswa resevwa sèvis sante kòrèk yo.

Lè tout lòt opsyon yo fini, ak ladan yo enskripsyon nan pwogram Image Plus la, yon elèv ak absanteyis kwonik kapab konsidere kòm pa vin nan kou epi swa yo ka fè yon rapò 51A bay Massachusetts Department of Children and Families (Depatman Timoun ak Fanmi Massachusetts), oswa yon petisyon (Child Requiring Assistance) (Timoun ki Bezwen Asistans) ka bay nan Massachusetts Juvenile Court Department (Depatman Tribinal Jèn Moun Massachusetts) sou desizyon direktè a epi dapre lwa eta ki aplikab la.

RETA

Lè elèv yo pa nan klas yo a 8:45AM, elèv yo konsidere kòm anreta epi yo dwe ale nan biwo a pou yon lese-pase anvan yo ale nan klas la oswa nan kou. Elèv yo ta dwe gen yon nòt moun lakay yo ki esplike reta yo a. Biwo a anrejistre tout reta kòm "eskize" oswa "pa eskize."

Tout arivaj pita yo konsidere tankou "pa eskize" amwens ke youn lan sak apre yo rive:

- Yon elèv rive ak papye ofisyèl soti nan yon radevou ki lakòz li anreta lekòl jou sa a;
- Administrasyon te avan sa detèmine epi gen nan dosye ke de sikonstans espesyal egziste ki jistifye de pèmasyon espesyal (egzanp maladi dokimante medikalman oswa yon dokiman plan aksyon espesifik).

Nan ka sa yo, rive an reta a konsidere "eskize" epi yo pèmèt elèv la pou li ratrape nenpòt devwa ak/oswa evalyasyon.

Elèv yo ki adisyonnen yon seri "reta san eskiz" nan yon trimès akademik pral jwenn pinisyon pwogresif ki gen ladan li detansyon manje midi ak/oswa apre lekòl, detansyon Samdi, reyinyon paran ak andènye enskripsyon nan pwogram Image Plus la.

Règleman pinisyon pwogresif la pou reta ki pa eskize gen konsekans pa tèm:

0-4 reta - san penalite

5-7 reta - detansyon manje midi

8-9 reta - detansyon apre lekòl

10+ reta - Detansyon Samdi. Reta anplis ka gen pou rezilta enskripsyon nan pwogram Image Plus la ak pinisyon pwogresif apre sa.

Tanpri note ke kantite reta yo retounen a zewo nan fen chak trimès.

RANVWA

Lekòl la konprann ke sitiwayon rive lè yon elèv ka bezwen yo lage li pandan jounen lekòl la. Elèv yo dwe pote yon nòt ranvwa alekri pou biwo prensipal la nan maten ki pou di lè ranvwa a. Elèv yo pral ranpli yon tikè, epi sèvi ak li kòm lese-pase pou yo lage li soti nan kou a nan lè yo di a. Nenpòt elèv ke yap lage dwe gen yon paran/gadyen ki siyen nan Biwo Prensipal la pou li soti avan ke li kite bilding lan.

Si yon elèv bezwen yo lage li avan fen jounen lekòl la, li pi fasil pou fè sa lan kòmansman oswa nan fen yon peryòd. Paran yo pa ta dwe paking nan wout bis oswa wout pou vin chache a pou evite deranje otobis oswa kamyonèt lekòl yo.

Elèv yo dwe nan lekòl la pou plis pase mwaye jounen lekòl la pou yo ka konsidere yo prezan epi pou kenbe kalifikasyon pou patisipe lan nenpòt aktivite apre lekòl oswa nan sware (gen ladan li repetisyon) nan jou sa a. Nenpòt elèv ki anreta lekòl, oswa ke yo ranvwaye soti lekòl la avan ke li ranpli kondisyon sa a, pral konsidere kòm absan.

Elèv ki rive apre 11:00 oswa ranvwaye avan 11:00 pral konsidere kòm absan pou jounen an.

Elèv yo PA KAPAB rele paran yo sou telefòn selilè yo a oswa telefòn lekòl la pou mande fè lage yo poutèt maladi san konsilte ak enfimyè lekòl la oswa yon administratè.

TÈS MCAS AK ABSANS

Nou apresye efò paran yo pou asire ke elèv yo byen prepare epi vini lekòl pandan peryòd tès MCAS nou yo. Prezans jwe yon wòl kle nan sikse jeneral lekòl nou an nan tès eta obligatwa sa yo, alò sipò nou depi lakay nou nan menen elèv nou yo lekòl apresye anpil.

ATANT AKADEMIK

Kou yo

Elèv yo pran kat kou akademik de baz; Angle Lang Atizay (ELA), Matematik, Syans ak Syans Sosyal. Anplis, anpil elèv pran yon varyete kou ekzplorasyon pou 1 rive 4 trimès lan ane an. Sa yo ka gen ladan yo: lang etrajè, atizay, mizik, edikasyon fizik, STEM ak kou òdinatè. Kèk elèv patisipe tou nan edikasyon espesyal oswa pran kou ak espesyalis lekti oswa matematik dapre bezwen yo. Atant pou sal klas ak devwa espesifik yo pral diskite de yo ak elèv yo nan premye semèn lekòl la. Anpil pwofesè sèvi ak sit entènèt yo pou poste devwa. Tanpri tcheke ak pwofesè endividyèl yo pou konnen pi bon metòd pou jwenn enfòmasyon sou devwa piti ou yo.

Ekip yo

Coakley Middle School la sèvi ak yon estrikti ekip ki se yon modèl òganizasyonèl efektif ke anpil lekòl mwayen atravè Etazini itilize. Yo asiyen chak elèv yon ekip akademik ki gen matematik, Angle, syans, ak syans sosyal. Inite entèdisiplinè yo ak pwogram anrichisman yo kowòdine epi òganize pa ekip pwofesè a. Yo pral afiche lèt Ekip Plasman yo nan fen Out la chak ane.

Gid ak Atant pou Devwa:

An akò ak Règleman Devwa Norwood Public Schools yo, nou panse sak apre a sou devwa nan Coakley Middle School:

- Objektif devwa lakay la se pou "amelyore pwosesis aprantisaj la, pou ede metrize konpetans yo, epi kreye ak estime enterè nan men elèv la" menm jan ak ankouraje lòt enpòtan "abitid lespri" lekòl mwayen ak ladan li endepandans, jesyon tan ak refleksyon sou tèt ou;
- Devwa yo dwe klè, gen sans, santrè sou elèv epi asiye pou elèv yo ka fini yo poukont yo;
- Devwa yo dwe pran ak konsiderasyon diferan bezwen elèv yo ak ladan yo aksè de lakay yo nan resous yo bezwen epi mete ladan li chwa elèv la keleswa lè sa posib.
- Yo dwe evalye devwa yo pou efò plis pase presizyon
- Devwa yo ta dwe itilize pou enfòmè entèvansyon endividyèl elèv yo epi enstriksyon tout klas la;
- Siksè devwa yo atenn pi fasil lè Kominote CMS la travay an kolaborasyon ak paran, pwofesè, epi elèv yo.

Responsablite Pwofesè:

- **Kreye devwa klè epi ki fè sans;**
- Esplike objektif devwa sa yo pou elèv yo, konekte yo ak aprantisaj avan epi apre yo;
- Bay opinyon ak/oswa egzamine devwa yo nan bon moman an pou li ka gen yon efè ki fè sans sou aprantisaj elèv la;
- **Kominike bay elèv ak paran yo atant klè pou devwa a ak efè li sou nòt lan kou yo.**
- Afiche chak jou/semèn devwa yo an liy ak nan klas la
- Kreye opòtinite pou paran yo fè patenarya ak elèv yo pou fini devwa yo lè yo afiche devwa yo regilyèman ak/oswa kominike sou pwogrè elèv yo;
- **Kolabore ak kolèg yo pou siveye kantite devwa ak kantite evalyasyon yo bay nan yon sèten jou pou yo pa adisyonen bay elèv yo twòp oswa plizyè evalyasyon nan menm jou a;**
- Diminye devwa yo nan jou ferye ak vakans yo;
- Travay ak elèv yo sou òganizasyon materyèl aprantisaj yo ak jesyon tan;

Responsablite Elèv:

- Sèvi ak resous anliy yo lè yo disponib pou sipòte aprantisaj nan klas tankou Google Docs ak Google Classroom;
- **Ale lakay ak tout materyèl nesè, ak ladan li Chromebook yo**
- Fè efò chak jou pou fini devwa epi note nenpòt kesyon sou devwa a pou mande pwofesè a nan jou apre a;
- Mande esplikasyon ak èd anplis nan men pwofesè yo nan klas la pou ankouraje bezwen nan aprantisaj yo pandan etid yo ak apre lekòl pou sipòte konpreyansyon;
- Travay ak paran epi pwofesè yo sou òganizasyon materyèl pou aprann ak jesyon tan;

Responsablite Paran/Gadyen

- Tcheke pwogram pitit ou a chak jou pou devwa ki gen pou fèt;
- Kontwòle si pitit ou fini devwa li;

- **Kreye yon espas trankil pou pitit ou a fini travay li epi òganize materyèl yo;**
- Ede pitit ou a nan jesyon tan ak òganizasyon materyèl pou aprann yo;
- Ankouraje pitit ou a pou li pale ak pwofesè li pou nenpòt kesyon epi ankouraje bezwen li pou aprann;
- Kontwòle pwogrè akademik pitit ou a atravè Pòtay Paran Aspen lan (Aspen Parent Portal)
- Kontakte pwofesè oswa konseye oryantasyon an pou nenpòt enkyetid ki konsène kapasite pitit ou a pou fini devwa ki gen pou fèt yo.
- **Lè devwa a pran twòp tan - fè ti moun lan sispann, siyen devwa a, epi kontakte pwofesè a. Okenn elèv ta dwe pase plis pase 2 èdtan total sou yon devwa.**

RESPONSABLITE AKADEMIK

Responsablite elèv yo se pou:

- Fè efò maksimòm
- Pote tout materyèl, sa ki gen ladan yo yon Chromebook CHAJE, nan tout kou yo
- elèv 6zyèm ane yo ta dwe mennen kaye pwogram yo nan chak klas
- ekri tout travay ki gen pou fèt, ak ladan yo tout direksyon, nan kaye pwogram yo a
- poze kesyon lè yo bezwen espikasyon sou travay yo
- kenbe materyèl yo òganize nan klasè yo a
- remèt travay ki byen fini epi atan
- planifye ak swen pou devwa tèm long yo
- rele yon kanmarad klas pou devwa yo lè yo absan
- mande devwa ki gen pou fèt epi swiv enstriksyon, lè gen bezwen, apre nenpòt kou li rate yo
- fè aranjman pou wè ak pwofesè a apre lekòl oswa pandan Mustang Block (moman repo) pou èd anplis.

Responsablite Paran/Gadyen yo se pou:

- asire prezans tout tan epi rive lekòl alè
- bay yon kote kòrèk epi konsistan pou etidye (san bwi ak lòt distraksyon)
- ede elèv yo devlope bon abitud pou etidye byen lakay li
- bay èd lè sa apwopriye pou ankouraje epi sipòte metriz, men pa fè vre travay yo pou li
- avèti pwofesè a si yon timoun gen anpil difikilte nan yon matyè
- ede nan jere tan pou devwa tèm long yo

RAPÒ PWOGRÈ MWATYE TÈM

Nan mwatye chak trimès, chak pwofesè pral bay yon rapò mwatye tèm pou kenbe paran yo okouran pwogrè pitit yo a. Yo pral voye yon imel pou avèti paran yo ke yap afiche rapò pwogrè yo sou Aspen nan apeprè 4 semèn andedan tèm lan. Rapò mwatye tèm yo pa la pou yo se sèl mwayen kominikasyon ant paran/pwofesè. Si ou gen kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte pwofesè endividyèl yo.

KANÈ NÒT

Coakley Middle School fonksyone sou yon orè pa trimès. Kanè nòt elèv yo pral remèt bay elèv yo nan mwa Novanm, Janvyè/Fevriye, Avril epi Jwen.

Sistèm Nòt

Malgre ke Coakley Middle School itilize yon model edikasyon baze sou estanda yo epi te avan sa konn sèvi

ak yon sistèm nòt an chif pou kominike reyalizasyon elèv yo, alèkile, nou rekòmande chanje règleman Norwood High School pou bay nòt yo ak sistèm tradisyonèl nòt la ki rekonèt jeneralman pa kolèj ak inivèsite yo. Chanjman yo rekòmande nan sistèm nòt nou an ak aliyman lèt pou nòt chif yo endike anba a:

Nòt Chif	Lèt
98 – 100	A+
93-97	A
90-92	A-
87-89	B+
83-86	B
80-82	B-
77-79	C+
73-76	C
70-72	C-
67-69	D+
63-66	D
60-62	D-
50-59	F

Sèl eksepsyon nan tablo anlè a se kou elektif yo ak pwogram sipò edikasyonèl pou elèv regilye oswa edikasyon espesyal yo, ke tout note sou yon baz Pase/Echwe. Règleman nou yo pou sa ki konsène nòt "Pa Konplè" yo rete menm jan an. Si yon elèv gen de "absans eskize" ki anpeche li fini travay yon trimès akademik, pwofesè a kapab bay elèv sa a yon "pa konplè" ki reprezante pa yon "I" nan kanè nòt la. Yap bay elèv la 10 jou pou li ratrape travay ki manke a, nan moman sa a pwofesè a pral bay elèv la yon nòt ki baze sou travay ki fini pou tèm lan.

ASPEN

ASPEN se sistèm nòt anliy la ke Norwood Public Shools itilize. Pwofesè yo afiche nòt elèv yo pandan trimès akademik la ap avanse. Tanpri sonje ke mwayèn nòt nan ASPEN montre sèlman travay ki ankou a, epi ke se pa yon nòt final. Rapò pwogrè yo ak kanè nòt yo pral afiche sou ASPEN nan menm jou ke yo voye kopi sou papye a lakay ou. Tanpri al vizite sit entènèt distrik la sou at <http://www.norwood.k12.ma.us/> pou jwenn detay pou anrejistre pou ASPEN, oswa senpleman vizite biwo prensipal la.

NÒT KI PA KONPLÈ

Yon nòt ki pa konplè, ki parèt kòm "I" sou kanè nòt la, vle di ke yo pa bay nòt pou matyè sa an patikilye nan moman yo fèmen tan notasyon an. Elèv la dwe fè aranjman ak pwofesè a pou li konplete kelkeswa travay ki nesèsè pou detèmine nòt pou peryòd nòt sa a. Limit pou konplete travay sa a se dis jou lekòl apre yo ke yo bay kanè nòt la amwens ke gen de sikonstans espesyal serye. Paske pa gen tan pou ratrapaj travay nan fen ane lekòl la, yo pa bay nòt ki pa konplè pandan dènye peryòd notasyon an.

MOVE NÒT AK LEKÒL ETE

Elèv ki echwe rive nan de matyè akademik enpòtan (Angle, matematik, syans sosyal, ak syans) kapab oblije ale nan lekòl ete dapre desizyon direktè a. Si yon elèv genyen yon Plan Aksyon Prezans epi li rate 25 jou

lekòl pou de rezon eskize ki pa medikal oswa pa relijye, li ka oblije ale nan lekòl ete.

ÈD ANPLIS/RATRAPAJ TRAVAY

Elèv ki bezwen èd anplis ta dwe prepare yon tan pou rankontre ak pwofesè yo. Pwofesè yo dwe disponib pou èd anplis soti 2:05 p.m. rive 2:25 p.m. oswa kelke fwa pi ta nan Lendi rive Jedi lè otobis ta a disponib tou pou elèv ki te peye pou bis la. Yo gen dwa diskite lòt opsyon tan ak manm pèsònèl endividyèl yo. Anpil fwa pwofesè yo fè aranjman pou yon jou pa semèn pou ofri èd anplis pou elèv yo apre lekòl. Anplis, pwofesè yo disponib pandan Mustang Block pou ofri èd anplis pou elèv yo. Elèv yo pral bezwen enskri pou èd anplis ak pwofesè endividyèl yo epi pran yon lese-pase pou ale nan sal pwofesè sa a avan Mustang Block.

KONDISYON POU ONÈ

Elèv yo ki resevwa 90 oswa pi wo nan **tout** matyè yo pral resevwa premye onè. Elèv yo ki resevwa 80 oswa pi wo nan **tout** matyè yo pral resevwa dezyèm onè.

PLAN AMELYORASYON AKADEMIK

Yon plan amelyorasyon akademik ka fèt lè yon elèv ap resevwa plis pase yon nòt pi ba ke yon C-. Yon kontra akademik se yon seri règ klè ki ekri espesifikman pou elèv endividyèl sa a. Yo pral aplike li nan yon reyinyon ak elèv la, paran oswa gadyen li, ekip elèv la epi yon administratè pou diskite sou kontra a. Li pral endike etap yo ke elèv la bezwen fè pou peryòd tan ke li sou kontra sa a. Pa egzanp, li ka mande ke elèv la al jwenn sèten pwofesè pandan yon sesyon èd apre lekòl oswa pandan Mustang Block.

Yon kontra la pou jis fen tèm apre a. Tèm chak kontra yo pral parèt an detay pou chak elèv. Kontra sa yo ka gen ladan yo enstriksyon pou anpeche elèv la patisipe nan aktivite apre lekòl oswa aktivite anrichisman, ak ladan yo vizit an deyò lekòl, dapre desizyon direktè a. Elèv la, paran an, ak administratè a pral gen pou yo siyen li. Anplis, nenpòt elèv ke yo mete sou de kontra separe pandan yon ane akademik ap fè li kapab vin otomatikman pa kalifye pou aktivite apre lekòl oswa aktivite anrichisman yo, ki gen ladan yo vizit andeyò lekòl, dapre desizyon direktè a. Lan fen kontra a, yap evalye pèfòmans yon elèv epi lap swa antre nan yon nouvo kontra oswa sòti nan pwotokòl kontra akademik la.

NÒT: Yon administratè, an akò ak manm ekip li yo, kapab revize sitiyasyon akademik oswa ofans konpòtman pou yon elèv baze sou de sikonstan espesyal ki ka vin parèt. Administratè lekòl yo rezève dwa pou revize dosye konpòtman oswa akademik nenpòt elèv epi pou ajiste patisipasyon li nan aktivite lekòl yo.

EKIP SIPÒ ELÈV

Ekip Sipò Elèv (SST) la se yon ekip nan nivo lekòl ke yo sèvi pou bay pwofesè yo sipò lè elèv yo pap reyisi nan yon anviwònman sal klas. Ekip Sipò Elèv CMS la egziste pou sèvi tankou yon ekip pou rezoud pwoblèm nan tout kalite kesyon aprantisaj akademik, sosyal, ak emosyonèl.

Manm Ekip Sipò Elèv nan Coakley School la gen ladan li, yon Asistan Direktè, yon Espesyalis Lekti, yon pwofesè eksploratwa, ak konseye oryantasyon an epi yon pwofesè akademik elèv ki sijè diskisyon an. Alò ke paran yo pa mete tipikman nan pemye reyinyon SST sou yon elèv, yo pral envite yo pou patisipe nan reyinyon apre yo nan pwosesis SST a. Objektif yo pou Ekip Sipò Elèv la se:

- **Prevansyon** - Ekip Sipò Elèv la aksesib pou tout pèsònèl lekòl pou anpeche pwoblèm aprantisaj elèv yo oswa rezoud yo lè yo fèk kòmanse.

- **Rezoud Pwoblèm** - Ekip Sipò Elèv la pral aplike yon apwòch rezolisyon pwoblèm lè li defini pwoblèm lan klèman, detèmine lakòz ki rasin yo epi idantifye bezwen elèv kap jwenn difikilte yo.
- **Entèkansyon** - Ekip Sipò Elèv la pral devlope epi ede pwofesè a aplike, baze sou pwoblèm ki defini an, entèkansyon ki apwopriye yo epi pral swiv pwogrè pou evalye rezilta yo.

LIV LEKÒL

Chak ane elèv yo pral resevwa yon kantite liv ki pou sèvi nan diferan kou yo. Lekòl la prete elèv yo liv sa yo, menm jan ak bibliyotèk la fè. Tout elèv yo dwe kouvri liv lekòl yo epi ranplase kouvèti liv la si li vin abime pandan ane lekòl la. Si yon liv pèdi oswa domaje, elèv la ak/oswa paran an responsab pou ranplase li.

Chromebook

Chromebook yo se pwopriyete Norwood Public Schools et se prete yo prete yo bay elèv yo pou tan ane lekòl la. Yo ta dwe okipe Chromebook ak swen epi se responsablite finansyèl elèv la ak fanmi li. Tanpri gade akò Chromebook la pou detay sou opsyon asirans ak itilizasyon akseptab.

REKÒMANDASYON PWOFESÈ POU LEKÒL PRIVE

Gen de fwa, yo mande manm pèsone yo yon rekòmandasyon pou elèv ki gen plan pou ale nan lekòl prive oswa nan yon pwogram ete espesifik. Pwofesè nou yo rekonèt enpòtans yon demann konsa, men yap mande paran yo pou yo konsidere sak apre yo pou fè demann yo a:

1. Bay pwofesè yo omwen 2-3 semèn avètisman lè yap mande rekòmandasyon.
2. Bay lekòl la yon anvlòp ak tout tenb epi adrès pou chak rekòmandasyon.
3. Yo pral avèti elèv ki enplike a atravè Biwo Oryantasyon an oswa pwofesè li lè yo voye rekòmandasyon an pa lapòs. Tanpri itilize nòt alekri nan plas apèl telefòn si wap swete fè pwofesè a sonje dat limit yo.
4. Tapri gen respè pou pèsone nou an epi pa mande plis pase 3 rekòmandasyon nan nenpòt ane lekòl.

KOU ATIZAY ESANSYÈL

Elèv nan chak klas gen de kou atizay esansyèl chak jou. Kou atizay esansyèl se yon pati entegral objektif nou pou yon eksperyans edikasyonèl balanse epi rich pou elèv nou yo. Coakley Middle School ofri elèv yo opòtinite pou pran kou eksploratwa yo nan Atizay, Mizik, Lang Mond lan, Teknoloji, Enjenyèri, Òdinatè, Sante, ak Edikasyon Fizik. Frekans ak lè reyinyon yo pou chak nan kou sa yo varye dapre klas la.

EDIKASYON FIZIK

Rad Jim - Règ Abiman

Elèv yo dwe pote rad pou espò pou tout kou edikasyon fizik. Sa gen ladan li:

- pantalon atletik oswa chòt

- yon mayo oswa jakèt espò,
- tenis atletik lase korèkteman.
- Yo pa kapab gen bijou sou yo pandan kou a.
- Pa mete chemiz ak bouton.

Elèv yo ta dwe kite liv yo oswa aktik pèsònèl yo nan kazye pou pwoteje byen yo. Elèv ki pa abiye kòrèkteman pou Edikasyon Fizik, yo pral mande yo pou chita deyò epi fè lòt travay an ranplasman.

Konsekans pou Pa Patisipe:

Nenpòt elèv ki pa patisipe lan kou jim pou nenpòt ki rezon pral oblije fè yon lòt travay pandan kou a. Yon elèv ki gen yon maladi serye ki parèt oswa yon aksidan tèm kout, kapab jwenn eskiz pou pa patisipe nan kou a ak yon nòt paran oswa gadyen, epi yo pral mande li pou li fè lòt travay ranplasman. Yon nòt doktè ta dwe soumèt bay enfimiyè lekòl la ak yon kopi pou pwofesè edikasyon fizik la, pou nenpòt elèv ki pral rate kou jim yo pou yon peryòd tan ki long. Elèv sa yo pral gen pou fè devwa ranplasman, men yo pap oblije ratrape kou ki rate yo. Elèv yo ki dabitid pa patisipe nan kou edikasyon fizik yo, san dokimantasyon, kapab jwenn yon reyinyon paran obligatwa ak/oswa aksyon disiplinè.

ATANT POU KONPÒTMAN

CMS PRIDE (FYÈTE CMS)

Prepare-Respè-Entegrite-Konsyans - Angaje

Coakley Middle School sèvi ak yon modèl Positive Behavior Interventions and Support (PBIS) (Entèkansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif) pou ankouraje konpòtman apwopriye elèv yo nan CMS. Lan yon modèl konpòtman pozitif, yo anseye an detay konpòtman pozitif yap atann yo epi repons pou konpòtman negatif oswa ke yo pap atann yo òganize, sistèmik, konsistan, epi ak konsyans. Yo reyini epi analize done sou konpòtman elèv yo pou yo ka kreye entèkansyon apwopriye yo ki diminye oswa elimine konpòtman yo pa vle yo. Se pa yon pwogram etid oswa ki prepare. Li fèt pou edikatè yo andedan lekòl la pou pi byen sèvi bezwen Coakley Middle School la ak kominote Norwood la. Ekip PBIS la te kreye yon griy ki defini konpòtman yap atann lan pou tout elèv nan chak domèn nan lekòl mwayen an. Nou rele pwogram sa CMS PRIDE. Nou atann ke elèv yo fè efò pou swiv senk Konpòtman: Preparasyon, Respè, Entegrite, Konsyans, epi Angajman.

	Sal Klas	Koulwa	Twalèt	Otobis
P	<ul style="list-style-type: none"> • Materyèl • A lè • Pare pou travay! 	<ul style="list-style-type: none"> • Lese-Pase (pandan kou) • Kite pòt louvri • Tann pou jis klas la ale 	<ul style="list-style-type: none"> • Gen yon lese-pase • Gen pèmisyon • Itilize twalèt ki pi pre 	<ul style="list-style-type: none"> • Gen yon lese-pase pou otobis • Rive alè • Jwen chèz vit
R	<ul style="list-style-type: none"> • Leve men • Swiv woutin • Bay lòt moun valè 	<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak kazye kòrèkteman epi nan lè yo di yo • Rete a dwat • Kite plas pou moun pase 	<ul style="list-style-type: none"> • Mande nan moman apwopriye yo • Ale nan twalèt epi retounen vit • Lave men 	<ul style="list-style-type: none"> • Rete chita • Pale ak lòt moun avèk respè • Tcheke zòn ou avan ou ale
I	<ul style="list-style-type: none"> • Rete onèt • Travay orijinal • Apran nan erè 	<ul style="list-style-type: none"> • Pran wout pi kout, dirèk • Sèvi ak pwòp kazey paw 	<ul style="list-style-type: none"> • Itilize twalèt kòrèkteman • Ede kenbe twalèt pwòp 	<ul style="list-style-type: none"> • Kenbe chèz ak zòn pwòp • Kenbe men ak pye pou oumenm
D	<ul style="list-style-type: none"> • Konsantre, sou sijè • Considere lòt yo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kenbe men ak kò pou oumenm • Netwaye apre tèt ou • Kenbe pòt yo! 	<ul style="list-style-type: none"> • Rete rapid, san bwi, epi pwòp • Konsidere lòt itilizatè yo • Ranpli fèy siyati pou sòti nèt 	<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak bon manyè • Sonje ke bis la se yon privilèj • Kenbe volim ou ba
E	<ul style="list-style-type: none"> • Koute epi patisipe • Rete nan sijè • Poze kesyon! 	<ul style="list-style-type: none"> • Salye kanmarad, anplwaye, pwofesè yo • Rete amikal! 	<ul style="list-style-type: none"> • Di yon granmoun si gen anyen ki pa kòrèk oswa pa gen sekirite 	<ul style="list-style-type: none"> • Swiv règ sekirite otobis • Sèvi ak telefòn yo manyè responsab • Salye chofè bis

ITILIZASYON TELEFÒN

Apèl telefòn pa gendwa fèt pandan lè lekòl yo san pèmisyon pèsònèl lekòl la. Telefòn nan biwo a yo la pou sèvi sèlman lan ka ke gen ijans. Elèv ki pa pran yon lese-pase na men yon pwofesè pou ale nan biwo a epi ki eseye rele lakay li ka resevwa aksyon disiplinè. Telefòn selilè yo ka sèvi sèlman pou fè apèl avan oswa apre lekòl.

TELEFÒN SELILÈ

Telefòn selilè pa gen dwa sèvi pandan lè lekòl yo. Yo dwe sere nan kazye yon elèv fèmèn ak kle. Yon telefòn disponib tout tan. Si yon elèv ta bezwen sèvi ak youn, telefòn yo disponib nan biwo prensipal la. Si yon paran mande pou yon elèv vin ak yon telefòn selilè pou sèvi apre lekòl, yo dwe swiv pwosedi ki apre yo:

- Elèv yo dwe etenn telefòn selilè yo lè yap kite zòn pou tann le maten an epi bloke li nan kazye yo pou tout jounen lekòl la.
- Kazye a dwe bloke
- **Telefòn selilè yo pa dwe na men elèv la pandan jounen lekòl la**
- Nenpòt elèv ki pa respekte règleman sa a pral resevwa aksyon disiplinè. Si yon elèv pa respekte règleman sa a, yo pral konfiske telefòn li a epi yap remèt li nan biwo prensipal la.
- **Premye ak dezyèm ofans - Asistan direktè a oswa direktè a pral reyini ak elèv la epi yap retounen telefòn lan bali**
- **Twazyèm ofans ak sak repete apre yo - Yo pral avèti paran/gadyen an ke pwochen lè sa fèt ankò paran pral bije vin chèche telefòn lan. Elèv la pral evalye pou yon detansyon. Elèv yo ki gen telefòn selilè sou yo pandan jounen lekòl la pa ede nan kenbe yon anviwònman ki favorab pou aprann. Si règleman sa a pa respekte sa ka mennen aksyon disiplinè anplis.**
- **Itilizasyon yon telefòn selilè oswa lòt aparèy mesaj pou pran foto oswa videyo andedan Coakley Middle School entèdi nan tout tan ak ladan li sou pwopriyete lekòl la ak bis lekòl yo.**
- Jounen lekòl la komanse depi 8:45 AM pou rive 3:20 PM. Règleman sa a la pou jesyon efikas bilding lan. Lan ka ijans, yo ka bay elèv la mesaj paran yo pandan jounen lekòl la.

Yo rekòmande anpil ke elèv yo, ak paran(yo)/gadyen(yo) tou, konnen ke sèten nan enkyetid lekòl yo an rapò ak itilizasyon telefòn selilè ak ladan li: mesaj tèks, imel, Instagram, Snapchat, triche (gade Triche ak Kopye), pran foto, ak anrejistre videyo. Okenn nan aksyon sa yo pa aksepte pa lekòl la epi okenn fòm foto oswa anrejistremant videyo gen dwa fèt sou pwopriyete lekòl la, oswa nan mwayen transpò ke lekòl la bay. Mèt telefòn selilè yo ta dwe konnen difikilte legal ke move itilizasyon sa a ka prezante.

Nenpòt ofans apre sa oswa itilizasyon nenpòt aparèy elektwonik ki pa aksepte ke yon elèv fè pral resevwa mezi disiplinè anplis, komanse ak yon reyinyon paran obligatwa.

Yo ta dwe remake tou ke lekòl la nenpòt kijan pa responsab pou byen ki pèdi oswa vòlè; alò se atant nou ke elèv yo ki jwenn atik ki gen valè, tankou aparèy elektwonik, pote yo vini menm lè a nan biwo a.

Tanpri note ke koneksyon konstan kapab deranje sante akademik ak fizik yon elèv. Elèv yo responsab pou tout kontni ki nan yon aparèy pèsònèl ke yo pote lekòl la epi pou imaj ak mesaj ki poste an liy. Elèv ke yo jwenn ki gen nan men yo aparèy elektwonik ki gen imaj ki pa legal oswa pa apwopriye, oswa mesaj brimad ka resevwa konsekans lekòl la oswa legal dapre lwa eta ak federal jan sa apwopriye. Kòm koutwazi jeneral, okenn elèv ta dwe pran foto yon moun san pèmisyon moun sa a.

ITILIZASYON ÒDINATÈ

Elèv yo dwe respektè "RESPONSIBLE USE POLICY" (RÈGLEMEN ITILIZASYON RESPONSAB" Norwood Public School la ke yo ka jwenn lan fen liv gid sa a. Fanmi yo ak elèv yo dwe aksepte règleman sa a avan ke yo kapab sèvi ak rezo òdinatè a. Règleman sa a gide pratik ke yo itilize nan tout sal klas yo. Jan yo di nan dokiman sa a: "Si yon itilizatè vyole nenpòt nan règle sa yo, yap fèmen kont li epi yap bloke aksè li a alavni." Nenpòt elèv ki itilize yon òdinatè nan yon fason ki pa apwopriye kapab pèdi aksè li nan rezo a dapre Directory of Technology (Direksyon Teknoloji) a ak Direktè a. Konsekans anplis ka gen ladan yo detansyon selon nati ensidan an dapre règle disiplinè Coakley Middle School la.

BOUTÈY DLO

Rete idrate fè pati yon lavi an sante. Elèv yo gen dwa gen boutèy dlo avek yo nan CMS. Boutèy dlo a dwe kapab resèvi epi yo pito yon boutèy transparan. Nou pa aksepte boutèy plastik, jetab nan sal klas yo paske yo lakòz fatra anplis epi yo ka fè bri. Dlo se sèl bwason ke yo pèmèt nan sal klas yo ak koulwa yo nan CMS.

RÈGLEMEN ABIMAN

Komite Norwood School la panse ke yon règle abiman pou lekòl mwanyen nesèsè pou bay sekirite, pou evite deranjman ak dezòd, epi fasilite pwosesis edikasyonèl la. Alò, pou kenbe estanda rezonab sante, sekirite ak pwòprete epi avèk konsèy epi opinyon Konsèy Coakley Middle School la, (ki konpoze ak elèv, pwofesè, paran, manm kominote, epi administrasyon an) règle abiman ki apre a te adopte:

Rad elèv yo dwe mete lan jan yo fèt pou mete yo a. Rad elèv yo ta dwe montre respè ke nou ankouraje pou tèt nou ak pou lòt moun. Paske fonksyon prensipal lekòl se edikasyon, epi pa rekreyasyon oswa sosyal, abiman elèv la ta dwe apwopriye pou lekòl. Si yon elèv pa respektè règle abiman an, yo ka refere li bay Direktè a oswa Asistan an. Si yo kintinye pa respektè règle abiman Coakley Middle School la sa ka gen kòm rezilta pinisyon an plis.

Administrasyon Coakley Middle School la rezève dwa pou li detèmine si yon sèten abiman apwopriye nan bilding lekòl la. Rad ki pa apwopriye ap defini kòm, men pa limite ak sa, yon atik abiman ki montre oswa ankouraje, ak foto oswa pawòl, nenpòt langaj sal, obsèn oswa ofansif; nenpòt pwodui tabak/mariwana oswa itilizasyon pwodui tabak/mariwana; nenpòt pwodui alkòl oswa itilizasyon nenpòt pwodui alkòl; materyèl ki gen nati seksyèl swa klèman oswa sipoze; nenpòt sibstans ki pa legal oswa itilizasyon sibstans ki pa legal; aksyon vyolans reyèl oswa sipoze; materyèl ki kapab rezonabman mande oswa lakòz deranjman poutèt rezon rasyal, etnik, oswa relijye ki pa apwopriye.

- Chemizèt Do Touni
- Bretèl Espageti
- Chemiz Misk
- Vant Deyò
- Linèt Solèy
- Chapo
- Kouvèti Tèt (ak eksepsyon relijye)
- Kepi
- Braslè ak Pwent

- Gwo Chenn Lou
- Pantalon Pijama
- Pantouf

Chapo yo dwe rete nan kazye yo. Souvètman nenpòt kalite pa dwe vizib. Yo mande elev yo pou yo mete abiman apwopriye pou lekòl.

Règ Abiman sa pa pral ranfòse pou jis li fè konfli ak obsèkans relijye oswa yon kondisyon medikal ki dokimante. Yap entèdi rad ki ka gen efè negatif sou kilti ak anbyans lekòl la. Règ abiman an pral ranfòse pandan tout evenman ak vizit andeyò ke lekòl la òganize.

Tout manto, vès, jakèt eski, oswa sivètman menm kalite a dwe fèmen nan kazye elèv la. Si yon pwofesè sipoze ke gen yon kondisyon fredri nan klas la, yo ka fè yon eksepsyon.

Nan lekòl, menm jan ak nan travay, nou bezwen swiv sèten estanda. Nou apresye èd ou nan pwoblèm sa a pou ke tout moun alèz nan lekòl nou an epi konsantre sou aprantisaj.

ATANT POU KAFETERYA

Yo atann ke elèv yo ale dirèkteman nan kafeterya a nan lè ke klas yo a pran manje midi. Tout elèv dwe janti, pratike bon manyè sou tab, epi netwaye apre tèt yo. Nou anseye klèman senk kategori konpòtman PRIDE yo nan kafeterya a pou kenbe sekirite ak pou alèz nan kafeterya a. Konpòtman espesifik kafeterya yo defini nan Ribrik PRIDE la:

Kafe / Rekreyasyon
Pran manje midi oswa lajan avek ou Pran vès pou rekreyasyon Chita nan tab yo di a
Netwaye apre tèt ou Tcheke tab ak atè a
Mande pou sòti nan kafeterya, siyen pou sa epi tounen vit Itilize twalèt kafeterya Itilize li korèkteman
Tann nan liy Gen bon manyè Rete enklizif Siyen pou sòti epi pran lese-pase
Koute gramnoun ak kanmarad yo Swiv direksyon yo Pale ak elèv ki sou tab ou a

Nenpòt lè, administratè lekòl yo oswa monitè manje mdi lekòl yo kapab deplase chèz elèv yo pou kenbe sekirite oswa lòd jeneral.

Chak mwa yo afiche meni manje midi nan lekòl la. Pri pou manje midi sa yo fikse epi pral \$3.25. Chak fanmi pral resevwa enfòmasyon sou kijan paran kapab prepare yon kont pou manje midi ki peye davans ak sèvis manje lekòl nou an pou ke elèv yo pa bezwen gen lajan kach pou peye pou manje midi.

ASAMBLE

Pwogram Asamble yo pou anrichisman ak amizman fèt nan oditoryòm lan pandan tout ane lekòl la. Pwogram yo varye epi gen ladan yo de envite pou pale, konsè mizik, pèfòmans elèv, sinema. Yo atann ke elèv swiv Matrix PRIDE CMS la ki anba a. Pandan asamble yo, elèv yo pral chita nan plas ke yo ba yo a ak pwofesè pa yo. Elèv yo ki pa resepekte atant sa yo ka resevwa aksyon disiplinè.

Asamble / Vizit an Deyò
Pote sèlman saw bezwen Kenbe yon lespri ouvè
Koute moun kap pale yo, envite yo, oswa gid yo Chita lan plas yo baw la Mache san bri nan asamble a epi chita
Poze de kesyon reflechi epi ki gen rapò
Chita ak klas Bay atansyon Reflechi sou kesyon oswa kòmantè avan ou leve menw Fe atansyon
Gade, koute, epi patisipe yon jan apwopriye Rete ak gwoup la

RESPÈ POU BYEN LEKÒL

Elèv yo pa dwe domaje oswa abime OKENN byen lekòl la nan NENPÒT moman sinon yo pral resevwa aksyon disiplinè epi pral responsab pou ranplase tout atik ki domaje. Elèv yo dwe netwaye apre tèt yo pou montre respè pou byen lekòl la. Elèv yo ki pa respekte atant sa yo ka resevwa aksyon disiplinè.

Operasyon chak jou

PASE DE YON KLAS ALE NAN LÒT KLAS

Chak peryòd pase gen 2 minit longè. Elèv yo ka ede ogmante sekirite ak diminye gwo trafik nan koulwa yo lè yo fè sak apre yo:

- **Mache** nan bò dwat koridò a.
- Kontinye mache ale nan pwochen klas la. Pa ralanti mouvman lòt yo lèw rete pou fè konvèsasyon oswa bloke kafou koridò yo.
- Pou evite blesi oswa blese lòt yo, tanpri **mache** epi pran pasyans kelkeswa kote ki gen yon foul elèv.
- Kenbe menw pou tèt ou.
- Sèvi ak sak liv pa otorize lè wap pase de yon klas a yon lòt klas epi yo ka sèvi sèlman lè elèv yo ap antre oswa soti nan bilding lan.

Elèv ki pa respekte atant sa yo ka resevwa aksyon disiplinè.

RÈGLEMEN OTOBIS

Transpò lan bis pou ale ak sòti lekòl se yon privilèj pou tout elèv ki kalifye dapre règ ak règleman Komite Norwood School la ak Lwa Commonwealth Massachusetts yo. Bis lekòl la se yon ekstansyon lekòl la li menm epi règleman ki konsène konpòtman se menm ak pa lekòl la yo. Tout moun ta dwe konprann ke dwa yon elèv pou transpò lekòl se yon dwa kalifye ki depann de bon konpòtman. Yo atann ke tout elèv yo pral:

Gen yon lese-pase bis sou yo chak jou

- Monte sèlman nan bis ke yo asiyen ba yo a (jan yo di sou lese-pase yo a). Elèv yo pa gen dwa pran bis la nan yon lòt kote ke adrès fizik lakay yo, menm si yo gen konsantman paran yo.
- Pa kanpe pre lari a lè yap tann bis la rive
- Pa lanse bagay oswa fè dezòd nan estasyon bis la
- Monte epi desann sèlman nan lè regilye bis la vini
- Antre nan bis la ak lòd, ale dirèkteman nan plas yo epi rete chita pou jis yo rive kote yo prale a
- Kenbe bra, men, ak janm andedan bis la
- Kenbe tout atik (liv, ekipman espò, enstriman mizik, elatriye) andeyò pasaj la
- Pa fimen nan okenn bis lekòl
- Pa manje oswa bwè nan bis lekòl la
- Pa fè dezòd, rele, oswa lanse bagay nan bis la
- Pa jete bagay nan bis la oswa abime li
- Pa manyen san bezwen okenn ekipman sekirite nan bis la
- Sèvi sèlman ak pòt ijans la lè gen ka ijans
- Pa pran foto oswa videyo

Elèv yo ki pa pran responsablite yo lè yo nan bis la ka jwenn ke yo ba yo kote pou chita na bis la, oswa pèdi privilèj monte nan bis la.

AKTIVITE ELÈV

Gen anpil aktivite ke elèv yo ka patisipe ladan yo. Yo reprezante de opòtinite pou elèv yo swiv yon enterè patikilye oswa pran yon risk epi eseye yon bagay nouvo. Kèk nan òganizasyon yo ekri anba a. Pou yo ka patisipe, elèv yo dwe kenbe estanda akademik ak konpòtman apwopriye. Yo ka retire elèv yo nan nenpòt aktivite. (klib, mizik, teyat, konsèy elèv, espò, elatriye) oswa pa pèmèt yo antre nan yon aktivite, si nòt yo

nan nenpòt kou tonbe pi ba pase C oswa ke yo mete yo sou yon kontra konpòtman. Tanpri note ke aktivite apre lekòl yo pa konsidere kòm yon pati jounen lekòl la epi ke restriksyon pou prezans yo pa antre nan pwosesis nòmal.

Administrasyon lekòl la rezève dwa pou limite oswa elimine kapasite yon elèv pou patisipe nan aktivite andeyò kou yo ak/oswa klib yo si elèv la pa:

- Vini lekòl regilyèman epi alè
- Fè nòt pou pase nan chak matyè.
- Montre bezwen pou amelyorasyon oswa pi bon efò ak konpòtman (sou kanè nòt yo)
- Montre konpòtman apwopriye ki pa mennen rezilta sispansyon oswa aksyon disiplinè serye

Anba a gen egzanj aktivite ke yo te konn ofri avan. Pa gen garanti ke okenn nan sa yo ya pral ofri yo alavni. Sa yo ofri nan enteryè yo depann de yon kantite faktè ki gen ladan yo nivo enterè elèv la, sipèvizyon, ak plas disponib.

ESPÒ ANDEDAN MI

Yo ofri espò lan enteryè apre lekòl (nan kèk apremidi ke yap detèmine) nan jim lan, amwens ke gen yon avètisman anilasyon. Yo chaje yon ti frè. Tout elèv yo kapab patisipe, amwens ke yo sou yon kontra akademik oswa konpòtman oswa gen yon lòt angajman (detansyon, èd akademik nesese apre lekòl, repetisyon, elatriye). Espò lan enteryè lage a 3:00 p.m. pou dènye bis la. Elèv yo ki pase tan apre lekòl ak yon pwofesè kapab vini lan espò lan enteryè a avèk yon lese-pase ke pwofesè sa a bay manm pèsònèl responsab espò lan enteryè a.

Drapo, Foutbòl, Kous, Baskètbòl, Jwèt Jim, Woke sou Planche, Pingpong, Frizbi, Volebòl, Lit

LÒT AKTIVITE

Konsèy Elèv, Teyat ak Teyat Mizikal, Gwoup Djaz, Gwoup Onè, Koral Onè, Sèk Atis, Klib Tikomik, Klib Jounen Istwa Nasyonal, Klib RECHÈCH

Pwotokòl COVID19

Nou pral kontinye diminye pwotokòl COVID19 yo men, nou te detèmine de abitud ki bon pou kenbe sante jeneral ak byennèt tout elèv yo. Yo gen ladan yo:

- Kite bwat sèvyèt dezenfektan yo nan klas la epi mande elèv yo pou netwaye biwo yo nan fen jounen lekòl la.
- Sèvi ak sèvyèt dezenfektan yo apre manje nan kafeterya a
- Ankouraje lave ak dezenfekte men anpil fwa, espesyalman pandan ivè ak avan epi apre manje.
- Gwo netwayaj pwograme regilyèman ke pèsònèl antretyen an fè
-

RIVE LEKÒL

Klas kòmanse a 8:45AM. Elèv yo dwe nan klas lè klòch la sonnen pou yo ka make yo prezan. Elèv pa kapab antre nan lekòl la avan 8:35AM amwens ke yo fè pati nan pwogram avan lekòl. A 8:35AM, yo pral

pèmèt elèv yo antre nan lekòl la nan antre ki a kote jim/kafeterya a. Elèv yo kapab antre nan kafeterya a si yap pran maje maten, osinon, elèv yo ale dirèkteman nan kazye yo ak klas yo lè yo antre nan bilding lan.

Tanpri note ke atant yo pou konpòtman apwopriye aplike pandan ke yap transpòte elèv yo vini oswa soti lekòl, pandan yo sou pwopriyete lekòl la oswa nan machin ke lekòl la bay yo. Tanpri note anplis ke nenpòt ensidan ki rive andeyò lè lekòl pandan lè oswa tan ki gen efè sou fonksyonman kòrèk yon lekòl oswa sou manm li, yo konsidere ke yo ka resevwa aksyon dapre règleman anti-brimad eta ak distrik la, jan yo di pita nan dokiman sa a.

Lè elèv yo lage soti nan kafe a oswa antre nan bilding lan pou kòmanse jounen yo a, aparèy elektwonik yo dwe etenn epi tout aparèy - avèk akseswa yo - dwe sere. Elèv yo dwe sere aparèy elektwonik yo nan kazye yo a fèmèn ak kle, jan yo te ti avan nan dokiman sa a.

BISIKLÈT, SKETBÒD AK LÒT KALITE TRANSPÒ SOU WOU

Elèv yo ki rive sou bisiklèt ta dwe konnen atant ki apre yo epi ta dwe li Lwa Jeneral Massachusetts yo sou monte bisiklèt, gen ladan li lwa kas eta a. Bisiklèt yo dwe paking epi klete nan ray ki devan lekòl la apre ke yo jwenn pèmisyon administrasyon an. Elèv yo pa gen dwa monte bisiklèt sou twotwa devan oswa sou kote yo, nan zòn otobis yo, oswa bò sòti ki devan an. Yo mande paran yo pou yo egziye ke yo mete kas yo tout tan.

Sketbòd, paten ak woulèt, ak lòt mwayen transpò ak wou ki san motè yo entèdi lan bilding lan.

KAZYE

Liv ak byen pèsònèl yo dwe sere nan kazye yo. Elèv yo dwe pote pwòp kadna pa yo. Yo dwe bay pwofesè klas yo a konbinezon an. Si yon elèv pa gen mwayen achte yon kadna, lekòl la ap ba yo youn. Elèv yo ta dwe fè anpil atansyon pou pote vini elektwonik ak bagay ki gen valè nan lekòl la. Lekòl lan paka responsab pou atik ki pèdi/vòlè nan kazye yo. Elèv yo responsab pou kenbe yon kazye pwòp. Kazye yo se byen lekòl la epi yo gen dwa fouye yo nenpòt lè.

PÈDI AK JWENN

Gen yon seksyon 'Lost and Found' (Pèdi ak Jwenn) nan biwo a ak nan kafeterya a. Nenpòt atik ki gen valè (mont, linèt, telefòn elatriye) pral rete nan biwo a. Nenpòt elèv ki jwenn yon atik ki pa pou li ta dwe pote li nan biwo a. 'Lost and found' lan pral vide tanzantan epi yap jete atik yo oswa fè kado yo bay yon òganizasyon apwopriye.

BIBILYOTÈK

Bibliyotèk la disponib dabitid pou elèv fè rechèch epi fè lekti anba sipèvizyon yon pwofesè. Tout elèv yo gen dwa pran liv bibliyotèk pote ale, men yo dwe gen pèmisyon yon manm gwoup pwofesè pou vini nan bibliyotèk la.

LESE-PASE

Elèv yo bezwen mande yon pwofesè yon lese-pase alekri kekleswa lè yo bezwen deplase andedan bilding

lan - avan, pandan oswa apre lekòl. Elèv yo dwe swiv tout pwosedi pou siyen pou sòti nan yon sal ki prepare pa manm pèsònèl ki responsab sal sa a. Pwosedi sa yo nesèsè pou sekirite tout elèv yo. Eksepte pou sitiwayon ijans, elèv yo dwe toujou gen lese-pase lè yo bezwen ale nan twalèt la. Yo pito ke elèv yo sèvi ak twalèt yo ant kou yo oswa pandan senk dènye minit yon peryòd kou. Elèv yo dwe sèvi ak twalèt ki pi pre sal klas la. Elèv yo ke yo jwen san lese-pase yap konsidere yo "andeyò zòn" epi kapab resevwa aksyon disiplinè.

KOMINIKASYON

Patenarya Lakay/Lekòl ak Kominikasyon

Se kwayans Administrasyon Coakleey Middle School ke sa sèvi lan pi bon enterè elèv nou yo lè pwofesè yo ak paran yo travay ansanm lan non elèv la. Alò, li esansyèl ke tout tantativ pou rezoud pwoblèm yo fèt lan jan ki pi pridan posib la.

Kòm rezilta, Administrasyon CMS la te adopte gid ki apre yo pou paran yo oswa piblik la sèvi pou akselere nan bay enfòmasyon ak/oswa rezoud pwoblèm:

1. Kesyon ak pwoblèm yo ki regade elèv endividyal dwe adrese an premye bay pwofesè oswa manm pèsònèl ki travay pi pre ak elèv la nan kontèks enkyetid la.
2. Si yo pa rezoud, afè ak/oswa pwoblèm sa yo ki konsène elèv endividyal sa yo, depatman oswa lekòl yo ta dwe al jwenn direktè oswa kowòdinatè/administratè pwogram apwopriye a.
3. Si afè a toujou pa rezoud, oswa nan ka ke kesyon ak/oswa pwoblèm ki konsène tout sistèm lekòl la ta rive, yo ta dwe voye yo bay Sipè-entandan Lekòl yo.

Anonsman Lekòl Fèmèn

Lè li nesèsè pou fèmèn lekòl pou kòz ijans/kondisyon move tan, yo pral anonse sa nan estasyon radyo/televizyon yo (gade seksyon Enfòmasyon sou lè Pa Gen Lekòl pou plis enfòmasyon). Tanpri atann ou aske telefòn lekòl yo pa disponib ant moman ijans lan ak lè yo di ke yap lage a poutèt bezwen fè apèl deyò. Norwood Public Schools ka rakousi jounen lekòl nòmal la poutèt sitiwayon ijans yo, tankou pèt chofaj, kouran, pèt presyon dlo oswa move tan. Lè yo lage tout lekòl la nèt bonè sou otorite Sipè-entandan an, tout tantativ ap fèt pou avèti paran yo atravè Connected, media a ak lòt sous disponib pou enfòmasyon piblik. Paran yo kap travay oswa pa lakay yo ta dwe fè aranjman pou pran swen pitit yo lè lekòl lage. Li esansyèl pou kenbe kontak ijans ou yo ajou.

Anonsman Klas/ Maten

Elèv yo dwe rive nan klas yo rive 8:45 AM. Elèv yo dwe rete an silans pandan anonsman yo paske enfòmasyon enpòtan an rapò ak jounen lekòl la oswa evenman lekòl kap vini yo pral anonse.

Imel Mizajou pa Semèn

CMS pibliye yon lèt nouvel chak semèn ke yo rele Mustang Minute ke yo voye pa imel bay paran yo si yo bay lekòl la yon adrès imel. Imel mizajou sa a bay detay, enfòmasyon, ak anonsman atik ki gen rapò ak lekòl yo. Imel mizajou sa yo pral afiche tou sou sit Entènèt CMS la.

Avètisman

Tanzantan yo pral voye de avètisman bay paran yo pou yo ka kominike sou evenman lekòl yo. Avètisman elektwonik yo ap disponib sou papyè sou demann paran; men, preske tout kominikasyon yo pral fèt atravè

sistèm Norwood Public Schools Blackboard Connect la. Anplis, enfòmasyon paran yo pral afiche sou sit entènèt Coakley Middle School la.

Nòt Siyen ak Fòm Pèmision

Gen plizyè fwa nan ane an lè elèv yo dwe retounen materyèl (absans/nòt reta, verifikasyon mwatye-tèm/kanè nòt, lajan/tikè pèmision pou vizit andeyò, elatriye) ke paran yo dwe siyen. Pa retounen dokiman siyen ke yo mande yo ka gen pou rezilta yon reyinyon paran obligatwa.

EVENMAN ASWÈ

Coakley Middle School gen plizyè pwogram aswè (teyat, teyat mizikal, konsè) ke li ofri pandan ane lekòl la pou elèv CMS yo ak piblik jeneral la. Elèv yo dwe rete pou tout pèfòmans la amwens ke yo ale ak yon paran/gadyen. Elèv yo dwe konpòte yo byen menm jan ke si yo te nan yon asanble lekòl - sa gen ladan li koute, gade an silans epi bat bravo nan lè pou sa fèt yo. Règ abiman an ak règ konpòtman an aplike pou tout evenman aswè yo.

VIZIT ANDEYÒ

Vizit andeyò yo se tankou nenpòt lòt jou lekòl eksepte ke aprantisaj la ap fèt andyò kanpis la. Yo se yon pati enpòtan lan pwogram edikasyon elèv yo, epi yo dwe konpòte yo kòm si yo te lekòl, paske vizit la se yon ekstansyon tanporè jounen lekòl ak kanpis la. Konpòtman responsab nan vizit andeyò yo espesyalman enpòtan epi yo atann sa. Move konpòtman nan vizit andeyò kapap gen rezilta pou pèdi privilèj vizit andeyò yo oswa lòt aksyon disiplinè.

SÈVIS SANTE

Enfimyè Lekòl

Si yon elèv bezwen al wè enfimyè a, li dwe pran yon lese-pase nan men pwofesè li a. Biwo enfimyè a plase nan premye nivo a sou kote kafeterya a bò bibliyotèk la. Si enfimyè a pa la, elèv la ta dwe ale nan biwo prensipal la epi youn nan sekretè yo pral ede li.

Ranvwa Poutèt Maladi

Elèv yo ki vin malad pandan jounen lekòl la dwe ale wè enfimyè a. Yo **pata dwe** kontakte paran yo dirèkteman pou ranvwa. Premye fwa ke yon elèv pa itilize pwosedi enfimyè a lè li vin malad nan lekòl la, lap resevwa yon avètisman. Dezyèm fwa a, li ka resevwa yon aksyon disiplinè dapre desizyon dirèktè a oswa vis dirèktè a.

Sèvis Sante

Nan Dr. Philip O. Coakley Middle School, yon enfimyè anrejistre pwofesyonèl (RN) a tan plen ak youn a tan pasyèl ap pran swen elèv yo, pèsonèl la, ak gwoup pwofesè a. Enfòmasyon pou kontakte enfimyè lekòl yo atravè tout distrik la enkli nan sit entènèt Norwood Public Schools la:
<http://www.norwood.k12.ma.us/student-services/NPS-Staff.cfm>

An akò avèk wòl ki defini pa American Nurses Association (ANA) epi ak National Organization of School Nurses (NASN) la, enfimye lekòl yo se "*lidè a(yo) nan kominote lekòl la ki la pou kontwole règleman ak pwogram sante lekòl yo. Enfimye lekòl la(yo) jwen yon wòl kle nan bay ekspètiz ak sipèvizyon nan bay sèvis sante lekòl ak fè pwomosyon edikasyon sante. Enfimye lekòl la sèvi ak konesans epi jijman pou li bay elèv yo ak pèsònèl la swen sante, pèfòme depistaj sante epi kowòdone referans bay founisè swen sante lakay oswa prive a. Enfimye lekòl la sèvi de lyezon ant pèsònèl lekòl la, fanmi, kominote ak founisè swen sante yo pou ankouraje swen sante ak yon anviwònman lekòl sen"* (ANA & NASN, 2011).

Chak jou enfimye lekòl nan Dr. Philip O. Coakley Middle School la:

1. Asire ke Norwood Public Schools yo respekte Lwa Jeneral Massachusetts yo ki egzije ke vaksinasyon elèv yo ajou epi ke prèv tès tibèkiloz oswa ke yon evalyasyon risk TB te fèt avan yo antre nan Norwood Public School yo; epi ke elèv yo bay dokiman egzamen medikal nan 7yèm ane epi lè yap antre nan Norwood Public Schools yo pou premye fwa pandan 6-8yèm ane yo.
2. Bay swen enfimye kalifye, evalyasyon sante, jesyon epi konsèy pou enkyetid medikal kronik, grav epi ijans elèv yo, fanmi yo, ak pèsònèl la.
3. Administre epi siveye repons pou medikamen doktè preskri yo ke yo dwe bay elèv yo pandan jounen lekòl la.
4. Sèvi kòm resous pou edikasyon sante, enfòmasyon ak referans pou pèsònèl, paran ak elèv yo.

Anplis, doktè lekòl la sipèvize pwogram sèvis sante lekòl la epi konsilte ak enfimye lekòl yo lè li bezwen.

DEPISTAJ SANTE OBLIGATWA

Paran/gadyen legal yo ki pa swete ke pitit yo patisipe nan sèten oswa tout depistaj nan lekòl la dwe avèti enfimye lekòl la pou fè demann sa a alekri. Lan ka ke genyen depistaj obligatwa (vizyon, tandè, pozisyon kò a BMI) yon rapò kap dokimante yon egzamen ki fèt pa founisè swen sante prensipal elèv la (egzanp, doktè, enfimye pratikan) dwe founi pa paran/gadyen nan plas depistaj lekòl la.

1. Elèv 7yèm ane yo gen yon depistaj chak ane pou pwoblèm **vizyon ak pou tandè**. Paran/gadyen yo ke pitit yo pa pase depistaj vizyon oswa tandè yo, enfimye lekòl la pral avèti yo. Nan kolaborasyon ak Norwood Board of Health yon Klinik pou Je (Eye Clinic) disponib ap ofri tès pou je ke Dr. Steven Sharma, OD ap fè. Pri pou Eye Clinic la se \$0.50 (senkant santim). Randevou yo dwe fèt atravè enfimye lekòl la.
2. Elèv nan 6-8 yèm ane yo gen depistaj chak ane pou idantifikasyon bonè pou **pwoblèm pozisyon kò/kolòn vètebral**. Paran/gadyen yo ak elèv yo pral resevwa avètisman pou dat depistaj yo. Enfimye lekòl la pral avèti paran/gadyen yo pou nenpòt sa yo jwenn ki pa nòmal epi rekòmande plis evalyasyon nan men founisè swen sante elèv la.
3. Yo pral mezire **wotè ak pwa** elèv yo nan 7yèm ane. Yo pa voye rezilta yo lakay yo men paran/gadyen yo kapab kontakte enfimye lekòl la pou rezilta depistaj pitit yo a.
4. **Depistaj pou Itilizasyon Sibstans (SBIRT)**: Dapre lwa eta Massachusetts la, Norwood Public Schools fè yon depistaj SBIRT (Depistaj, Entèvansyon Kout, Referans pou Tretman) pou tout elèv 7yèm ak 9yèm ane yo. Rezon depistaj SBIRT a se pou ofri konvèsasyon ak enfòmasyon pou ede anpeche elèv yo kòmanse itilize alkòl, mariwana oswa lòt dwòg, oswa pou entèvni bonè nan itilizasyon sibstans. Sesyon depistaj Elèv la pral kout, apeprè 5 minit, epi lap fèt konfidansyèlman epi an prive nan yon reyinyon tèt-a-tèt avèk enfimye lekòl la owa konseye oryantasyon an. Elèv yo ki pa itilize sibstans pral gen chwa sante yo ranfòse. Enfimye a oswa konseye oryantasyon an pral bay opinyon oswa referans pou plis evalyasyon pou elèv ki rapòte ke yo itilize sibstans oswa gen risk pou itilizasyon sibstans alavni. Yap mande tout elèv yo pou yo fè yon evalyasyon anonim pou depistaj la epi yo pral resevwa kèk materyèl edikasyonèl ak yon lis resous nan moman depistaj la.

Rezilta depistaj SBIRT la pap antre nan dosye lekòl elèv la. Okenn enfòmasyon depistaj la pral pataje ak okenn pèsonèl san pèmasyon alekri elèv la ak paran li. Paran ki swete retire elèv yo a nan depistaj SBIRT la kapab kontakte enfimyè lekòl la alekri. Elèv yo tou kapab retire tèt yo nan yon pati oswa tout kesyon yo nan moman depistaj la

Depistaj Sante Anplis

Nan kolaborasyon ak Norwood Board of Health, dantis lekòl la ofri depistaj sante dantè gratis pou elèv 6yèm Ane nan Otòn ane lekòl la nan Lekòl Mwayen (enfimyè lekòl la pral voye avètisman lakay pa elèv yo avan depistaj la ak enfòmasyon anplis). Paran/gadyen yo kapab "retire yo" nan depistaj la alekri. Apre depistaj la, yap voye rapò bay paran/gadyen yo pa lapòs pou refere elèv yo bay Klinik Dantis Lekòl la oswa dantis pèsonèl yo a pou netwayaj ak pansman. Klinik Dantis Lekòl la plase lan Board of Health at Norwood Town Hall epi fè netwayaj ak pansman pou yon pri ki ba. Enfimyè lekòl la kolabore ak Norwood Board of Health la pou pwogram randevou ak transpò kòm yon pati nan pwogram depistaj la.

Chòk (Comosyon) Serebral

Kisa yon komosyon serebral ye? Yon komosyon serebral se yon domaj nan sèvo. Komosyon serebral yo koze pa yon chòk oswa yon kou lan tèt. Jan rechèch ak gid kouran yo montre, menm sa ki parèt ke se yon ti chòk oswa kou nan tèt kapab grav. Siy ak sentòm yon komosyon serebral kapab parèt touswit apre aksidan an oswa gen dwa pa parèt oswa pa remake pou jis plizyè jou oswa semèn apre aksidan an. Si timoun ou an rapòte nenpòt sentòm komosyon serebral, oswa si ou remake sentòm yo oumenm, chèche atansyon medikal men lè a.

Kisa ki Siy ak Sentòm yon Komosyon Serebral? Siy ke paran oswa gadyen yo wè ka gen ladan yo men pa sèlman sa: Parèt egare oswa toudi • Li gen konfizyon sou sal gen pou fè oswa pozisyon li • Bliye yon enstriksyon • Pa fin si nan yon jwet, pwèn, oswa sa kap jwe ak li • Bouje ak maladrès • Reponn kesyon dousman • Pedi konsyans (menm pou ti moman) • Montre chanjman nan konpòtman oswa pèsonalite • Pa kapab sonje sak te fèt avan chòk oswa tonbe a • Pa kapab sonje sak fèt apre chòk oswa tonbe a

Sentòm ke atlèt yo rapòte ka gen ladan yo men pas sa sèlman: Maltèt oswa presyon nan tèt • Kè plen oswa vomi • Pwoblèm balans oswa vètij • Vizyon doub oswa troup • Sansiblite nan limyè • Sansiblite nan bwi • Santi kò kraze, vag, twoub, oswa sou • Konfizyon • Pa santi li kòrèk

Kijan ou kapab ede timoun ou an evite yon komosyon serebral?

Chak espò diferan, men gen de bagay pitit ou yo ka fè pou pwoteje tèt yo pou komosyon serebral. • Asire ke yo swiv règ antrenè yo a pou sekirite ak règ espò a. • Ankouraje yo pou pratike bon manyè espòtif tout tan. • Asire ke yo mete bon ekipman pwoteksyon pou aktivite yo a (tankou kas, ranbouraj, pwoteksyon manton, ak pwoteksyon je ak bouch yo). Ekipman pwoteksyon ta dwe byen chita, byen antretni, epi mete tout tan epi kòrèkteman. • Aprann konnen siy ak sentòm yon komosyon serebral.

Kisa ou ta dwe fè si ou panse ke pitit ou a gen yon komosyon serebral?

1. Chèche atansyon medikal menm lè a. Yon pwofesyonèl swen sante ap kapab decide ki gravite komosyon serebral la epi si pa gen danje pou pitit ou a tounen nan espò.

2. Kenbe timoun ou an andeyò jwèt. Komosyon serebral pran tan pou geri. Pa kite pitit ou a retounen jwe pou jis yon pwofesyonèl di ke sa OK. Timoun ki tounen jwe trò bonè - pandan ke sèvo a pa fin geri - riske gen anpil chans pou li gen yon dezyèm komosyon serebral. Dezyèm oswa lòt komosyon apre kapab grav anpil. Yo ka lakòz domaj pèmanan lan sèvo, ki ka afekte timoun ou an pou tout vi li.

3. Pale ak antrenè pitit ou a sou komosyon ki fèk fèt la. Antrenè yo ta dwe konnen si pitit ou a te gen yon komosyon resan nan NENPÒT espò. Antrenè pitit ou a ka pa okouran yon komosyon ke pitit ou a te resevwa nan yon lòt espò oswa aktivite amwens ke ou di antrenè sa.

Pou plis enfòmasyon detaye sou komosyon serebral ak tromatis sèvo, vizite: www.cdc.gov/injury.

Enfòmasyon Sante soti nan Depatman Enfimyè a

Pou enfòmasyon pou sezon ak lòt enfòmasyon sante itil ki afekte elèv yo ak fanmi yo, tanpri al gade: paj Sèvis Sante nan site entènèt Norwood Public Schools la (<http://www.norwood.k12.ma.us/student-services/health-services.cfm>)

Blesi Pandan Ane Lekòl

Nou egzije yon lòd nan men founisè swen sante a (egzanp, doktè, enfimyè pratikan) pou nenpòt blesi ki mande ekipman adaptif tankou plat, atèl, oswa bekiy. Tout blesi ki afekte mouvman, ekriti, kapasite pou pote liv, patisipasyon nan ekdikasyon fizik, mande èd nan men yon lòt elèv, oswa bay nesosite pou sèvi ak asansè oblije gen yon nòt doktè. Nòt yon founisè obligatwa tou pou endike lè yon elèv kapab retounen nan aktivite jim/espò ak/oswa èd pa nesèsè ankò.

Medikaman Preskripsyon ak San-Preskripsyon

Dapre Lwa Eta Massachusetts yo, enfimyè lekòl la responsab pou tout sak gen rapò ak bay medikaman. Lwa sa yo egzije ke tout fòm konsantman pou tout medikaman preskri oswa san preskripsyon ke yo gen pou bay pandan lè lekòl yo dwe siyen pa founisè swen sante prinsipal la (egzanp, doktè, enfimyè pratikan) ak paran/gadyen an avan ke yo bay okenn medikaman; fòm yo disponib lan men enfimyè lekòl la epi yo afiche tou sou sit entènèt NPS la (<http://www.norwood.k12.ma.us/student-services/Medications-a-t-School.cfm>).

Medikaman yo dwe remèt bay enfimyè lekòl la pa paran/gadyen an nan bwat orijinal li a ak tou de fòm konsantman yo tou siyen. Elèv yo ki gen nan men yo nenpòt medikaman preskri oswa san preskripsyon sou kanpis la pral ka resevwa aksyon disiplinè. Elèv yo ki soufri asm ak gwo alèji ki mande ponp inalatè sekou oswa epinefrin pou ijans (egzanp, EpiPen) se sèl eksepsyon; preskripsyon founisè a ak konsantman paran an dwe gen ladan li deklarasyon espesifik pou verifye bezwen sa a. Elèv sa yo dwe gen yon preskripsyon doktè ak pèmisyon paran/gadyen alekri ki di espesifikman, "elèv la gen pèmisyon pou li gen nan men li epi administre bay tèt li".

KI LÈ POU KENBE PITIT OU A LAKAY

Kèk rezon tipik pou kenbe pitit ou lakay ou oswa pou enfiyè a voye li lakay li gen ladan yo:

1. Grip, touse san rete, lafyèv pase 100 degre.
2. Vomi, dyare, mal vant.
3. Lafyèv ke yo pa konn rezon li
4. Mal goj, enfeksyon goj, enfeksyon po, konjonktivit pa viris oswa mikròb, enpetigo. Sa yo se de enfeksyon grav epi ki mande yon evalyasyon pa (egzanp, doktè, enfimyè pratikan) epi ta dwe siman trete ak medikaman pandan 24-48 èdtan avan li retounen lekòl. Sa pral ede evite simen enfeksyon nan bilding lan.
5. Gratèl ke yo pa konn rezon li: sa ka endike plizyè bagay diferan et ta dwe evalye pa (egzanp, doktè, enfimyè pratikan).

Doulè se yon bagay pou pran seryezman espesyalman kay timoun piti. Mal zòrèy, mal dan, mal tèt ta dwe evalye. Si ou gen kesyon sou okenn sa ki anlè yo, tanpri rele enfimyè lekòl la epi/oswa tcheke founisè swen sante a.

RÈGLEMEN BYENNÈT

Distrik Norwood Public School la angaje li pou li bay de anviwònman lekòl ki ankouraje epi pwoteje sante timoun, byennèt yo ak kapasite yo pou aprann an sipòtan epi anseye manje sen ak aktivite fizik.

Distrik Lekòl la ap fè efò pou bay nitrisyon ak edikasyon fizik pou ankouraje de abitud pou lavi nan manje sen ak aktivite fizik pou tout elèv nan tout klas.

Règleman Byennèt la:

- Asire ke Pwogram Nitrisyon Lekòl la respekte chak jou lwa eta ak federal yo
- Asire ke distrik la respekte lwa eta MA "An Act Relative to School Nutrition" (M.G.L.c.111,s.222)
- Bay edikasyon nitrisyon pou tout elèv yo
- Ede fanmi ak kominote lan edikasyon nitrisyon
- Ankouraje edikasyon lasante nan kominote lekòl
- Konsèy Sante Lekòl:
- Rekòmande limite fèt nan klas yo
- Akouraje fèt/rekonesans pou anivèsè nesans san manje
- Dekouraje rekonpans manje
- Dekouraje blokaj edikasyon fizik kòm pinisyon

SIPÒ SOSYAL EMOSYONÈL

Norwood Public Schools Student Suicide Prevention and Intervention (Prevansyon ak Entèvansyon Swisid Elèv Norwood Public Schools): Pwoteje sante ak byennèt tout elèv yo se sa ki gen pi gwo enpòtans pou distrik lekòl la. Komite lekòl la te adopte yon règleman prevansyon ak entèvansyon pou swisid ki pral ede pwoteje elèv yo atravè etap ki apre yo:

1. Jan sa apwopriye pou devlopman, elèv yo pral aprann sou kapasite pou pwoteksyon sosyal/emosyonèl, rekonèt epi reyaji nan siy avètisman pou swisid kay zanmi yo, pou yo itilize kapasite adaptasyon yo, itilize sistèm sipò yo, epi chèche èd pou tèt yo ak zanmi. Sa pral fèt atravè pwogram edikasyon Open Circle nan nivo elemantè a ak pwogram SOS/QPR yo lan klas lasante 6-12yèm ane yo.

2. Yo pral atann ke tout elèv ede kreye yon kilti lekòl pou respè ak sipò, alafwa anliy ak andeyò liy, kote ke elèv yo santi yo alèz pou chèche èd pou tèt yo ak zanmi yo. Yo ankouraje elèv yo anpil pou yo al di nenpòt manm pèsònèl si yo menm, oswa yon zanmi, santi yo izole anpil, tris, depwime, ap panse swisid, oswa gen bezwen pou èd.

3. Elèv yo, pèsònèl la, oswa paran yo ki konnen yon elèv ki nan kriz (gen risk pou fè tèt li mal) pral enfòmè menm lè a yon granmoun de konfyans, yon konseye ajisteman/oryantasyon, ak direktè lekòl la ki pral voye elèv la jwenn sous apwopriye yo.

4. Lè yon manm kominote lekòl la idantifye yon elèv ki gen risk, yon konseye ajisteman/oryantasyon pral evalye li epi avèti paran oswa gadyen yo epi voye li jwenn resous lokal yo, tankou men pas sèlman:

- Riverside Emergency Services: Youth Mobile Crisis Intervention (Sid ak Wès nan Boston), 800-529-507, <http://www.riversidecc.org/child-family-services/emergency-services/youth-mobile-crisis->

intervention/.

- Riverside Outpatient Center, 190 Lenox Street, Norwood, MA 02062. Phone: 781-769-8670. Norwood Hospital: Rele Gratis Psychiatric Crisis Hotline: 800-331-2900.
- Behavioral Health, Beth Israel Deaconess. 330 Brookline Ave, Boston, MA 02215. 781-278-6670.
- INTERFACE sèvis referans sante mantal - 888-244-6843
<https://interface.williamjames.edu/community/norwood>
- Yo ankouraje elèv yo ak manm fanmi yo pou antre nan resous nasyonal yo ke yo kapab kontakte pou plis sipò, tankou ○ The National Suicide Prevention Lifeline – 1.800.273.8255 (TALK), www.suicidepreventionlifeline.org. The Trevor Lifeline – 1.866.488.7386, www.thetrevorproject.org. Gen plis resous ki disponib sou sit entènèt Prevansyon ak Entèvansyon pou Swisid Distrik nou an. <https://www.norwood.k12.ma.us/about/suicide-prevention-and-intervention-resources>
- Alò ke Norwood Public Schools gen de règleman ki respekte dwa pou konfidansyalite elèv ak paran yo, elèv yo ak manm fanmi yo ta dwe konnen tou ke poutèt nati lavi oswa lanmò bagay sa yo, konfidansyalite oswa enkyetid pou vi prive yo vin apre rechèch èd pou elèv ki an kriz yo. Pou plis enfòmasyon detaye sou sijè sa a, tanpri al gade Règleman Prevansyon ak Entèvansyon pou Swisid distrik la (dosye: JLDBA).

DEPATMAN ORYANTASYON

Gen yon konseye oryantasyon ke yo nonmen pou sipòte elèv yo nan chak klas. Konseye oryantasyon sa a swiv klas yo a pandan tout tan ke yo nan Coakley Middle School. Konseye oryantasyon an jwe plizyè wòl pou elèv nou yo, gen ladan yo men pa sèlman sa: plasman ekip, chanjman orè, sipò akademik, sipò sosyal/emosyonèl, sipò sante mantal ak patenarya lakay/lekòl yo. Si ou pa sèten kijan pou tcheke pwogrè pitit ou lan kou yo oswa nan rapò ak kanmarad yo, ou ta dwe kontakte konseye oryantasyon pitit ou a.

Pèsonèl oryantasyon nou an responsab pou ekri ak kontwole tout plan 504 yo. Anplis, yo kontwole inisyativ yo kap sipòte kilti ak klima nan Coakley Middle School tankou leson nan men kanmarad ak Mustang Mentors (Konseye Mustang)

Anba a wap jwenn konseye oryantasyon ki nonmen yo pou ane lekòl kap vini an:

6yèm Ane: Ashley McCaffrey: amccaffrey@norwood.k12.ma.us

7yèm Ane: Meghan Mba: mmba@norwood.k12.ma.us .us

8yèm Ane: Allyson King- acking@norwood.k12.ma

KONSEYE AJISTEMAN LEKÒL

Coakley Middle School gen plizyè konseye ajisteman ki responsab travay endividyèl oswa nan gwoup pou sipòte elèv yo ki gen bezwen sosyal/emosyonèl. Konseye ajisteman lekòl la kolabore tou ak konseye oryantasyon yo sou depistaj sante mantal yo ak entèvansyon nan kriz yo pou tout elèv Coakley Middle School yo. Yo sèvi kòm resous pou fanmi yo lan fè koneksyon ak sèvis yo ki baze nan kominote a.

RÈGLEMAN KONT-BRIMAD NORWOOD PUBLIC SCHOOLS

Brimad se yon kalite pèsikasyon. Norwood Public Schools rekonèt ke brimad ak pèsikasyon gen yon efè negatif sou pwosesis edikasyon an.

Obligasyon pou Rapòte 370(g) - La lwa egzije de kondisyon pou rapò obligatwa pou tout manm pèsònèl lekòl la, pa sèlman pèsònèl anseyan yo, pou yo rapòte menm lè a nenpòt ki brimad oswa vanjans ke manm pèsònèl la swa te temwen oswa vin konnen, bay direktè a oswa moun lekòl la deziyen an. Pèsònèl la dwe rapòte menm lè a nenpòt ki brimad oswa vanjans ke manm pèsònèl la temwen oswa vin konnen bay direktè a oswa ofisyèl lekòl la ki idantifye lan plan an kòm responsab ki pou resevwa kalite rapò sa yo oswa tou de.

1. Definisyon Brimad (soti nan “Chapit 92 nan Lwa 2010 - YON LWA KI GEN RAPÒ AK BRIMAD NAN LEKÒL YO.”)

- **Brimad** - Itilizasyon an plizyè fwa pa youn oswa plis elèv yon ekspwesyon ekri, vèbal, oswa elektwonik, oswa yon ak oswa jès fizik oswa nenpòt nan konbinezon sa yo, dirije sou yon viktim ki: lakòz fè mal fizik oswa emosyonèl pou viktim lan oswa domaje byen viktim lan; (ii) mete viktim lan yon laperèz rezonab pou fè tèt li mal oswa domaje byen li; (iii) kreye yon anviwònman ostil pou viktim lan nan lekòl la; (iv) vyole dwa viktim lan nan lekòl la; oswa (v) deranje materyèlman ak sibstansyèlman pwosesis edikasyon an oswa bon fonksyonman yon lekòl. Pou rezon nan seksyon sa a, brimad dwe gen ladan li brimad pa entènèt ak vanjans.
- **Cyber-bullying (Brimad pa Entènèt)** - brimad atravè itilizasyon teknoloji oswa nenpòt kominikasyon elektwonik, ki dwe gen ladan yo, men pa limite ak, nenpòt transfè siy, siyal, ekriti, imaj, son, done oswa entelijans nan nenpòt nati ki transmèt antye oswa an moso pa yon sistèm kab, radyo, elektwomayetik, fotoelektronik, oswa foto optik, ak ladan yo, men pa limite ak, kourye elektwonik, kominikasyon entènèt, mesaj dirèk, oswa kominikasyon pa faks. Brimad pa entènèt gen ladan li (i) kreyasyon yon paj entènèt oswa blòg ke ladan li moun ki kreye li pran idantite yon moun oswa (ii) pran idantite yon lòt moun volontèman pou fè kòm si se moun sa a ki fè kontni oswa mesaj ki poste yo, si kreyasyon oswa pran pòz se yon lòt ki lakòz nenpòt lan kondisyon ke yo site nan pati (i) rive nan (v) enkli, definisyon brimad la. Brimad pa entènèt dwe gen ladan li distibisyon pa yon mwayen kominikasyon elektwonik bay plis pase yon moun oswa poste materyèl sou yon medyòm elektwonik ke youn oswa plis moun kapab gen aksè a li, si distibisyon oswa pòs la kreye nenpòt lan kondisyon ke yo di nan seksyon (i) rive nan (v), enkli, nan definisyon brimad la.
- **Vanjans** - Nenpòt fòm entimidasyon, reprezay, oswa pèsikasyon ki dirije sou yon elèv

ki rapòte brimad, bay enfòmasyon pandan yon ankèt pou brimad, oswa temwen oswa gen enfòmasyon valab sou brimad.

Brimad Entèdi - Konpòtman sa a deranje pwosesis edikasyon an; alò, fè konnen ke brimad pa yon konpòtman akseptab nan Norwood Public School epi li entèdi.

Brimad Dwe Entèdi - (a) sou teren lekòl yo, pwopriyete ki touswit akote teren lekòl la yo, oswa nan aktivite lekòl la òganize yo, evenman oswa pwogram aswè sou oswa andeyò teren lekòl la, nan estasyon bis lekòl yo, nan bis la, oswa lòt machin posede, lwe oswa itilize pa yon distrik lekòl oswa yon lekòl; epi (b) lan kote, aktivite, evenman, oswa pwogram ki pa an rapò ak lekòl, oswa atravè itilizasyon teknoloji, oswa aparèy elektwonik ki pa posede, lwe oswa itilize pa yon lekòl oswa distrik lekòl, pou fè brimad kreye

yon anviwònman ostil nan lekòl pou viktim lan, vyole dwa viktim lan nan lekòl la oswa materyèlman epi sibstansyèlman deranje pwosesis edikasyon oswa bon fonksyonman yon lekòl.

4. Etap pou Rezoud -

- a) *Entèkansyon Pèsonèl la*- Manm pèsonèl yo ki obsève oswa vin aprann ke yon ak brimade fèt pral pran aksyon apwopriye imedyatman pou entèveni, amwens ke yon entèkansyon ta ka mete sekirite manm pèsonèl la oswa elèv la(yo) an danje. Si gen yon baz rezonab pou kwè ke manm pèsonèl la pat kapab rezoud pwoblèm lan, oswa si brimad la kontinye, manm pèsonèl la dwe rapòte afè a bay administratè konsène a pou plis ankèt.
- b) *Elèv yo ak Paran yo Dwe Rapòte Brimad* - Elèv ak paran yo ki vin okouran brimad ta dwe rapòte sa bay administratè konsène a pou plis ankèt. Menm jan an, elèv oswa paran yo dwe pou yo rapòte yon insidan brimad sèvi ak nenpòt nan twa opsyon ki sou sit entènèt brimad distrik la lè yo ale sou <http://www.norwood.k12.ma.us/page.php?pid=615>. Yo aksepte rapò "anonim"; men, yo paka pran aksyon disiplinè kont yon elèv sou baz rapò anonim. Nenpòt elèv ki pran vanjans kont yon lòt ki rapòte brimad ka resevwa de konsekans disiplinè. Menm jan an, nenpòt elèv ki volontèman fè fo akizasyon brimad oswa vanjans pral resevwa konsekans disiplinè.
- c) *Ankèt* - Lan ka ke gen brimad sipoze oswa pèsistan, brimad pa entènèt, oswa vanjans, yon administratè pral ankete sou afè a. Ankèt la ka gen ladan li, men pa sèlman, konvèsasyon ak elèv yo, paran yo, epi pèsonèl lekòl.
- d) *Estrateji Entèkansyon/Konsekans/Prevansyon* - Si yo jwenn ke brimad yo vre, administratè konsène a pral pran aksyon rezonab pou fè l rete epi anpeche ke li rekòmanse. Aksyon sa yo ka gen ladan yo, men pa limite ak, separe epi sipèvize elèv konsène yo; kontakte paran/gadyen moun ki lakòz la ak pa viktim lan; bay sipò konsèy pou elèv epi opsyon referans sèvis pou manm fanmi apwopriye yo jan sa nesèsè; kowòdone yon plan sipèvizyon avèk èd pèsonèl la; kontra elèv ak devlopman yon plan sekirite; reyinyon ak Ofisye Resous Lekòl la. Elèv ki fè brimad oswa menas kont lòt yo ka resevwa aksyon disiplinè tou, ak ladan yo avètisman, konferans paran, detansyon, sispansyon, ak/oswa ekspilsyon. Si administrasyon lekòl la detèmine ke te gen brimad oswa vanjans, administratè konsène a pral avèti ajans ranfòsman lalwa lokal la si administrasyon an kwè ke akizasyon kriminel kapab fèt pou moun ki fè krim lan. Elèv ki angaje nan nenpòt ak brimad pandan yo lekòl, nan nenpòt evenman lekòl, ki gen koneksyon ak, oswa nenpòt aktivite òganize pa distrik oswa evenman, oswa pandan yo sou wout vinin oswa sòti lekòl, ka sibi aksyon disiplinè, pou jis rive nan sispansyon oswa ekspilsyon. Ofisyèl ranfòsman lalwa yo pral resevwa avètisman sou ensidan brimad yo.
- e) *Detèminasyon*: Si paran oswa gadyen an pa satisfè ak desizyon direktè an nan ankèt la, paran an gen dwa fè apèl bay Kowòdinatè Brimad distrik la owa Sipè-entandan an. Si paran yo rete pa satisfè ak repons distrik la, yo kapab kontakte Sistèm Rezolisyon Pwogram Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a nan compliance@doe.mass.edu oswa rele 781-338-3700.

NÒT: Brimad sou Entènèt kouvri pa règleman Liv Gid sa a.

DEFINISYON ATAK, PÈSEKISYON, AK BRIMAD SOU KANMARAD

Atak sou Kanmarad

Atak vèbal se sèvi ak mo ki fè mal ak/oswa imilye, gen ladan li men pas sèlman sa, anbete, bay move non, ak/oswa jouman. Li enpòtan pou konprann ke menm si elèv yap vize a sanble sa pa di li anyen oswa gen dwa menm ri ak yon gwoup elèv, konpòtman sa rete pa apwopriye epi pral gen konsekans. Sak apre yo se kategori atak vèbal.

- **De kòmantè san kenbe kont** ki fè mal pa ki dirige sou moun yap vize a men yo di yo pou li

oswa lòt timoun tandè.

- **Anbete/takinen vèbal oswa alekri** blese santiman moun yo vize a epi kapab swa voye bay moun vize a direktman oswa pou li oswa lòt timoun tandè oswa wè.
- **Menas vèbal oswa alekri oswa pase nan betiz** se de kòmantè ki menase pou gen de konpòtman ki fè mal alavni.
- **Akouraje yon atak konsa** se yon kalite atak vèbal tou.
- **Atak fizik se itilize aksyon fizik ki fè mal. Sak apre yo se de kategori atak fizik.**
- **Menas fizik** yo gen ladan yo jès fizik yo fè sou yon moun vize ki pral fè li mal tankou men pa sèlman, leve yon pwèn fèmèn oswa yon dwèt pase an travè sou goj.
- **Pèsekisyon fizik** se manyen yon moun vize fizikman yon jan ki fè mal ki gen dwa pa lakòz blesi, ak ladan li men pas sèlman penche, rale chapo li sòti, rale liv yo, ak/oswa bloke pasaj yon moun.
- **Atak fizik** yo gen ladan yo, men pa sèlman, pouze, bourade, kout pye, frape, kout pwèn, oswa peze atè.
- **Pran oswa domaje zafè yon moun** se yon lòt fòm atak fizik.

Atak relasyonèl se konvenk yon kanmarad pou inyore oswa rejte sèten moun epi separe yo de koneksyon sosyal yo. Kòmansè oswa patisipe lan simen rimè yo konsidere sa yon konpòtman ki pa apwopriye epi sa kapab tou reprezante yon kalite atak relasyonèl.

Brimad defini pa lwa M.G.L. c. 71, § 370 kòm etan "itilizasyon an plizyè fwa pa yon oswa plis elèv [oswa moun] ak yon ekspresyon alekri, vèbal, oswa elektwonik oswa yon ak oubyen jès fizik oswa nenpòt konbinezon sa yo, ki dirije sou yon moun vize ki:

- lakòz blesi fizik oswa emosyonèl sou yon moun vize oswa domaj sou byen moun vize a;
- mete moun vize a nan yon laperèz rezonab pou fè tèt li mal oswa fè domaj sou byen li;
- kreye yon anviwònman negatif nan lekòl pou moun vize a;
- vyole dwa moun vize a nan lekòl la; oswa
- deranje materyèlman epi seryezman pwosesis edikasyon an oswa bon fonksyonman yon lekòl".

Pèsekisyon se yon atansyon ke yo pa vle ke nenpòt moun fè atravè yon konpòtman ki agase, menase, bay brimad oswa fè egzijans ki lakòz laperèz ak/oswa kontrarye konpòtman ak aksyon yon lòt moun. Li kapab soti depi vèbal rive nan atak reyèl.

Pèsekisyon ka gen ladan li konpòtman ki di anlè a lan enfòmasyon sou atak ak brimad la. Yon konseye oryantasyon ak/oswa yon administratè pral pale ak nenpòt elèv ke yo akize de kalite konpòtman sa a. Konseye/administratè a pral asire ke elèv yo konprann kijan ak poukisa konpòtman yo a se oswa kapab konsidere kòm yon pèsekisyon. Yo pral bay elèv la yon opotinite pou li reponn sou akizasyon an. Si viktim lan pare pou li fè sa, konseye oryantasyon/administratè an kapab fè elèv yo rankontre pou diskite sou ensidan an. Paran/gadyen tout elèv yo ki mele nan ensidan an pral resevwa yon avètisman pa yon apèl telefòn ke yon administratè ap fè. Selon sikonstans yo, yon premye ensidan pèsekisyon ka gen kòm rezilta ke yon

elèv resevwa de konsekans ki soti nan avètisman rive nan sispansyon. Yo ka avèti lapolis.

Byen ke ensidan brimad oswa pèsekisyon yo kapab fèt andeyò lekòl, si yo gen efè sou anbyans lekòl la, menase sekirite yon elèv oswa fè yon elèv pa alèz nan lekòl la, alò nou gen dwa legal ak responsablite pou pran aksyon, avèti lapolis epi bay moun ki fè sa a konsekans yo.

Vanjans kont yon moun ki rapòte brimad, bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou brimad, oswa temwen oswa gen de enfòmasyon kwayab sou brimad entèdi. Yon elèv ke yo jwenn ki fè vanjans kont yon lòt elèv oswa manm pèsonèl paske moun sa a te rapòte oswa ede nan sa ki konsène ensidan sa a oswa ensidan brimad yo (oswa akizasyon sou sa) pral poukont li resevwa aksyon disiplinè ki ka rive nan epi ak ladan li, sispansyon ak ekspilasyon, kelkeswa rezilta insidan konsène a oswa akizasyon pou brimad la.

Tout ensidan brimad oswa pèsekisyon ke yo sispèk ta dwe rapòte bay yon administratè pa nenpòt anplwaye lekòl la. Nou ankouraje paran ak elèv yo tou pou rapòte nenpòt enkyetid. Nap ankouraje elèv nou yo pou yo se de "moun onèt" olye ke yo se de espektatè epi pou yo gen kouraj pou rapòte nenpòt ensidan ke yo temwen. Anpil fwa paran yo oswa elèv yo ap enkyete pou yo rapòte paske yo pè ke pral gen sosyal izolasyon oswa vanjans. Yon administratè pral ankete chak sitiyasyon pou detèmine repons apwopriye a. Entèvyou yo fèt konfidansyèlman epi yo pa bay non rapòtè yo, amwens ke elèv yo vle ke pwoblèm lan rezoud direkteman. Sa nou fenk di a kapab yon estrateji efikas lè konpòtman negatif la te tou de kote yo, lè se premye ofans yon elèv, oswa lè pa gen 'debalansman pouvwa'. Si brimad oswa pèsekisyon fèt, yo pral rele paran yo, yo pral avèti ofisyèl resous lekòl la epi yap bay konsekans baze sou sitiyasyon an. Konsekans yo ka gen sispanasyon ladan yo.

Diskriminasyon se yon aksyon oswa yon politik baze sou prejije oswa pasyalite. Coakley Middle School pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, sèks, relijyon, oryantasyon seksyèl, nasyonalite oswa orijin etnik lan aplike règleman edikasyonèl, règleman admisyon, bous detid ak pwogram prè, ak atletik epi lòt pwogram jere pa lekòl la ak fòmasyon travay yo.

Pèsekisyon se de pawòl ki repete, ke yo pa vle oswa de konpòtman ki voye pwent an rapò ak ras, koulè, sèks, relijyon, orijin nasyonal, andikap oswa oryantasyon seksyèl yon moun. Tout fòm pèsekisyon yo entèdi ke li vèbal, fizik, oswa vizyèl, epi kelkeswa mwayen li fèt atravè a.

Hazing (Brimad Inisyasyon) se nenpòt konpòtman oswa metòd inisyasyon nan nenpòt òganizasyon/gwoup elèv, swa ke li yon kote piblik oswa prive, ki volontèman oswa san pridans mete an danje sante fizik oswa mantal nenpòt elèv oswa lòt moun. Sa gen ladan li nenpòt tretman oswa aktivite ki kapab nwi sante fizik oswa sekirite elèv oswa moun sa a, oswa ki mete elèv oswa moun sa a anba estres emosyonèl ekstrèm.

Materyèl ki Pa Apwopriye. Elèv yo pa gen dwa vin lekòl ak materyèl, enprime oswa lòt jan, ki gen rapò ak zam oswa ki ankouraje vyolans.

Medikaman. Yo ta dwe fè tout efò pou pran medikaman yo, menm sa ki san pweskripsyon yo, lakay. Ou pap gen dwa pran pwòp medikaman paw oswa genyen yo sou ou san lòd espesifik ki di sa pa moun ak lisans ki preskri a ak enfimyè lekòl la.

Si ou oblije pran medikaman pandan lè lekòl yo, tanpri al wè infimyè lekòl nou an pou pran fòm apwopriye yo.

Pèsekisyon Seksyèl. Pèsekisyon seksyèl kont lalwa. Pèsekisyon seksyèl defini tankou yon konpòtman seksyèl ke yo pa vle ki jennen dwa ou pou gen yon edikasyon oswa patisipe nan aktivite lekòl yo. Pèsekisyon seksyèl ka rezilta mo oswa konpòtman ki gen yon nati seksyèl ki ofanse ou, rabese ou, fèw pè oswa menase ou akòz sèks ou.

Egzanp pèsekisyon seksyèl gen ladan yo, men pa sèlman, sa ki apre yo:

- Flèt seksyèl ofansif;
- Abi vèbal oswa ensinyasyon ki gen nati seksyèl
- Kontak fizik ki san envitasyon tankou manyen, kwoke, tape oswa penche;
- Kòmantè vèbal ki gen nati seksyèl sou kò yon moun oswa de mo seksyèl ki sèvi pou dekri yon moun;
- Montre de bagay oswa foto ki seksyèlman sigjestif;
- Plezantri oswa kòmantè ki gen nati seksyèl devan moun ki panse yo ofansif;
- Fè de jès obsèn oswa sigjestif oswa de son ki ensilte;
- Mandè de favè seksyèl ki akonpaye ak menas endirèk oswa dirèk.
- Egzibisyon endesan

Sekirite Teknoloji. Si ou sèvi ak Entènèt, imel oswa tchat anliy, alò ou se yon sibè sitwayen. Entènèt la se yon bon kote pou ale. Li pa sèlman amizan, men li pèmèt ou rete an kontak ak zanmi epi fanmi epi li bay yon gwo kantite enfòmasyon. Gen anpil sit edikasyon menm jan ak kote pou kenbe ak pastan, mizik, espò ou pito yo, ak plis toujou.

Espas entènèt la se yon gwo vil. Gen bibliyotèk, inivèsite, mize, kote pou amize w, ak anpil lòt opòtinite pou rankontre moun mayifik nan tout kategori lavi a. Men, tankou nenpòt kominote, genyen tou kèk moun ak kote ke ou ta dwe evite ak de lòt ke ou ta dwe apwoche sèlman ak prekosyon. Lè ou konnen danje yo ak kijan pou evite yo, ou kapab pran avantaj nan tout pati pozitif Entènèt la pandan ke wap evite preske tout pyèj li yo.

Piga bay nenpòt kalite enfòmasyon pèsònèl ou, tankou non ou, adrès, nimewo telefòn, adrès/telefòn travay paran ou yo, oswa non ak ki kote lekòl ou ye san pèmisyon. Di paran ou yo menm lè a si ou jwenn nenpòt enfòmasyon lan espas entènèt la ki fè ou santi ou malalèz.

AKSYON DISIPLINÈ

Objektif nenpòt aksyon disiplinè se pou remete elèv yo an sekirite epi retounen elèv yo ak siksè nan anviwònman akademik la. Yo pral avèti paran yo pou nenpòt aksyon disiplinè ki ta ka rive epi yo engaje yo kòm patnè nan pwosesis la, dapre lwa eta ak federal aplikab yo.

Coakley Middle School ap fè efò pou ofri yon sistèm konpòtman pozitif kote chwa elèv yo ap jwenn konsekans, remake ke bon chwa anpil fwa mennen konsekans pozitif, pandan ke move chwa anpil fwa mennen konsekans negatif.

Gen plizyè nivo rezilta disiplinè posib pou elèv yo epi elèv yo pral resevwa konsekans nan yon fason pwogresif, depi ke rezilta sa yo respekte lwa eta a.

PWOTOKÒL KONSEKANS SAL KLAS

Yo ka bay elèv yo konsekans pozitif oswa negatif lan nivo sal klas la, sa ki pa fòmèl, epi sa ka gen ladan yo apèl telefòn bay paran yo, reyinyon paran ak detansyon pwofesè (swa pandan manje midi oswa apre lekòl). Lan ka sa a, yon pwofesè responsab pou pran kontak ak paran an avant li evalye konsekans yo. Nenpòt konsekans apre lekòl egzije yon avètisman 24 èdtan davans pou paran oswa gadyen yo. Si yon elèv pa vini lan detansyon apre lekòl, pwofesè a ap voye yo pou konsekans biwo, ki an jeneral gen kòm rezilta yon detansyon biwo.

PWOTOKÒL KONSEKANS BIWO

Aprè ke pwofesè yo fin eseye plizyè kalite estrateji pou travay ak yon elèv oswa si konpòtman yon elèv mande sa, yo ka mande yon administratè pou li entèvni. Entèvansyon sa a rele yon referans biwo. Gen yon echantiyon fòm pou referans biwo anba a. Yon fwa yo refere yon elèv bay biwo a, Direktè a, Asistan Direktè a oswa yon moun ki nonmen gen dwa bay yon konsekans ki gen ladan li men pa sèlman yon detansyon biwo. Jeneralman, elèv yo ke yo refere andeyò klas pou rezon konpòtman pral genyen yon detansyon biwo.

Disciplinary Referral Form

Student Information

Student Name _____ Grade ____ Date _____ Time _____

Referred by _____

Previous Teacher Interventions

Student Warning Use of Time-out Loss of Privilege
 Parent Note by Teacher Parent Conference with Team
 Individual Behavior Plan Guidance Referral Previous Referral to Office

Parent Contact by Teacher (when and how) _____

Other _____

Disruptive Behavior

Abusive Language Swearing or use of inappropriate words.
 Bullying/Harassment Threats, intimidation, gestures, verbal attacks
 Disrespect/Defiance Refusal to follow directions and/or socially inappropriate interactions
 Disruption Yelling, noise with materials, or horseplay
 Fighting Resulting in Injury Hitting, punching, hitting with an object, etc.
 Theft Removing someone's property
 Vandalism/Property Damage Substantial destruction of property
 Weapons Knives, guns (real or simulated), or objects capable of causing bodily harm
 Tardy to class Please note previous classroom level consequences if any
 Other _____

Specific Information Regarding Incident: _____

Action Taken by Administrator

Conference with Student Loss of Privilege Time in Office In-School Suspension
 Parent Contact Detention Guidance Referral Out-of-School Suspension
 Other _____

Signatures

Referred by _____ Date: _____

Administrator _____ Date: _____

DETANSYON BIWO (DEJENE) MANJE MIDI

Detansyon manje midi fèt pandan yon peryòd manje midi yon elèv. Elèv la pral ale dirèkteman lan manje midi a epi apre ale nan biwo Vis Direktè a kote vis direktè a oswa moun li nonmen an (dabitid yon monitè sispanasyon anedan lekòl) pral sipèvize li. Detansyon biwo manje midi rezève an jeneral pou elèv ki gen plizyè reta oswa elèv yo ki pa satisfè atant sal a manje midi yo, men yo ka sèvi kòm konsekans pou lòt evenman disiplinè sou desizyon direktè a oswa vis direktè yo.

DETANSYON BIWO

Detansyon biwo fèt apre lekòl epi sipèvize pa diferan pwofesè lekòl la. Yo atann ke elèv yo fini travay lekòl la san bwi pandan tan sa a. Dapre desizyon direktè a oswa asistan direktè a, yo ka pèmèt yon elèv fè detansyon biwo a lè li resevwa èd enstriksyon dirèk nan men yon manm pèsònèl la, dabitid sou demann manm pèsònèl sa a.

- Detansyon apre lekòl fèt soti 2:05 - 3:00 p.m. Lendi rive Jedi
- Chak elèv pral fè devwa li oswa li an silans.
- Elèv yo pa gen dwa pale, angaje nan jwèt oswa vyole okenn règ lekòl ki aksepte.
- Yo pa aksepte vizitè nan detansyon biwo.
- Yo bay elèv yo yon avètisman 24 èdtan davans pou tout pwofesè nonmen oswa detansyon biwo.
- Detansyon kapab fèt tou lan de apremidi anplis ak avètisman davans pou paran yo, pou yo ka fè aranjman transpò pou elèv la ale lakay li. Detansyon gen priyorite sou aktivite andeyò kou yo.

Si yon elèv pa vini lan yon detansyon apre lekòl, yap avèti paran yo epi konsekans la pral ranvwaye pou

yon lòt dat. Nenpòt konsekans apre lekòl mande avètisman 24 èdtan davans pou paran oswa gadyen yo. Pa vini lan konsekans apre lekòl plis ke yon fwa ka gen rezilta ke yo voye elèv la lan pwotokòl sispansyon andedan lekòl la.

DETANSYON SAMDI

Detansyon samdi pral bay pou elèv yo ki resevwa detansyon biwo anpil fwa lan yon trimès oswa pou vyolasyon lòt règ lekòl yo. Detansyon samdi sèvi pou ranplase sispansyon pou ke elèv la pa rate tan enstriksyon ki gen valè.

PWOTOKOL SISPANSYON

Sispansyon lan kou yo vle di ke yon elèv te konpòte li yon jan ki lakòz ke direktè a oswa asistan direktè a te sispann dwa elèv la pou li patisipe lan pwosesis edikasyon an pou yon pati lan yon jounen, tout yon jounen, oswa kèk fwa pi long menm. Yo bay sispansyon pou sitiyasyon sa yo kote elèv la montre, dapre konpòtman li, ke yo bezwen separe li de rès popilasyon lekòl la. Coakley Middle School, dapre Lwa Jeneral Massachusetts yo, itilize yon barèm pou evalye kontèks ki apre yo lè yap konsidere yon sispansyon nan lekòl:

1. Deranje ansèyman oswa aprantisaj pou li menm oswa lòt yo;
2. Lakòz gwo dezòd lan jounen lekòl la; ak/oswa
3. Vyole dwa lòt yo

Lan tout ka yo, Direktè a oswa moun li nonmen an pral konsidere faktè ki ka diminye yo, menm jan ak si elèv la gen dwa resevwa sèvis atravè yon Pwogram Edikasyon Pèsonalize oswa yon plan 504. Direktè a oswa moun li nonmen an pral konsidere tou volonte yon elèv pou pran reseponsablite pou yon aksyon lè yap deside sou konsekans yo.

Direktè a rezève dwa ak responsablite li anve tout elèv ak pèsònèl pou li pran sanksyon pou aksyon ki pa parèt lan dokiman sa a, pou egzamine nenpòt faktè ki ka diminye sa ki - dapre jijman Direktè a - yo ta dwe konsidere, epi sèvi ak sanksyon yo ke yo di pi wo lan règleman sa yo (ki papab ajiste pou montre gravite konpòtman konsène an). Anplis, malgre ke yo itilize an jeneral pinisyon pwogresif, Direktè a rezève dwa pou li aplike tout kondisyon ki lan liv sa a dapre sa li detèmine ki lan pi bon enterè anviwonman aprantisaj la ak pwosesis edikasyon nan lekòl la.

Elèv yo ke yo jwenn ki komèt ofans ki apre yo ka resevwa SISPANSYON:

1. Fimen ak/oswa itilize pwodui tabak san lafimen (gen ladan yo vaporizatè ak sigarèt elektwonik) nan bilding lekòl la, nan bis lekòl yo oswa sou teren lekòl la nenpòt ki lè. Sa pral gen ladan li tou posede pwodui tabak yo, aparèy vapè oswa yon briki.
2. Itilizasyon dwòg oswa alkòl nan lekòl la, bis lekòl oswa aktivite òganize pa lekòl yo, oswa avan yo vini lekòl oswa nan aktivite òganize pa lekòl yo.
3. Posesyon dwòg oswa alkòl oswa ekipman dwòk nan lekòl la oswa aktivite lekòl la òganize 4. Angajman lan distribisyon (bay, ofri, twoke, oswa fè echanj) dwòg (ak ladan yo tabak oswa pwodui ki gen rapò ak vapè) oswa alkòl nan lekòl oswa aktivite òganize pa lekòl yo.
5. Batay fizik (goumen)
6. Menase pou atak fizik
7. Atak fizik/Agresyon (ki pa seksyèl)
8. Pèsèkisyòn Seksyèl

9. Agresyon Seksyèl
10. Vòlè (byen lekòl, pèsònèl oswa elèv)
11. Menas pou vòlè
12. Vandalis/Destriksyon Byen
13. Zam lan etablisman lekòl yo
14. Brimad
15. Pèsekisyon
16. Brimad Inisyasyon
17. Triche/kopye
18. Pa vin lan biwo lè yon manm pèsònèl la bay lòd la
19. An plisyè fwa/volontèman pa obeyi direksyon ke nenpot pèsònèl lekòl la bay
20. Pa vin lan kou
21. Kite teren lekòl la
22. Konpòtman frekan, di betiz, komantè ki pa apwopriye oswa ofansif (ki pa limite ak di betiz oswa blasfèm)
23. Menase yon manm pèsònèl la
24. Nenpòt ofans ki repete ki ka gen detansyon pou rezilta
25. Posesyon byen yo vòlè

Konpòtman pou entimide oswa konpòtman pwovokatè lan yon jan ki menen lan kont oswa lan posiblite pou fè kont.

27. Nenpòt aksyon ki pa konfòm ak valè ak/oswa kalite ke yo di nan Deklarasyon Misyon Norwood Public School la. Administrasyon an rezève dwa pou ogmante longè yon sispansyon pou nenpòt kantite jou jis rive sou 10 jou. Sa ta ka fèt nan de sitiyasyon ke yo konsidere ki grav oswa pou de vyolasyon disiplinè ak/oswa nan de sitiyasyon kote mezi pou korije yo pat respekte pa elèv la. Se entansyon Norwood Public Schools pou li kreye epi kenbe yon anviwònman an sekirite lan chak bilding lekòl la. Anplis ke estanda konpòtman yo jan yo di lan Liv Gid Elèv la, direktè a gen dwa detèmine si yon aksyon se yon menas pou kenbe yon anviwònman an sekirite. Mete sou sa, direktè a gen dwa detèmine ki aksyon disiplinè apwopriye pou yo pran.

PWOSEDI NÒMAL

Tout elèv yo dwe benefisye yon pwosedi nòmal chak fwa ke yo anpeche dwa yo pou edikasyon atravè esklizyon nan enstriksyon sal klas regilye oswa aktivite lekòl yo, sa gen ladan li sispansyon, ekspilsyon ak retire privilèj yo. Dwa pou pwosedi nòmal la gen ladan li dwa pou yon odyans ekitab avan nenpòt lan eksklisyon anlè a yo, eksepte pou yon ranvwa an ijans pou rive de jou jan yo di lan G.L. c. 71 Section 37H $\frac{3}{4}$ kote ke yap bay yon odyans nan yon peryòd de jou.

Règ Disiplin Konpòtman Norwood Publik School la fèt pou li enstriktif, pa pinitif, epi li baze sou pwensip disiplin prevantif epi pozitif. Li konsantre sou adrese lakòz move konpòtman yo, rezoud konfli yo, satisfè

bezwen elèv yo, epi kenbe elèv yo lekòl pou yo aprann. Ofans disiplinè yo ka varye soti nan enfraksyon minè rive nan ensidan ki vyole lalwa epi gen efè negatif enpòtan sou byennèt jeneral lekòl la. Menm jan an, direktè lekòl la oswa moun yo deziyen an kapab aplike de estrateji disiplinè ki kapab soti depi aktivite entèvansyon tankou yon nouvo plas pou chita oswa mete l nan yon lòt klas, pèdi yon telefòn/aparèy elektwonik, revoke patisipasyon ak/oswa asiste nan de aktivite andeyò pwogram kou yo, oswa pratik restoratif rive nan ekspilsyon soti nan lekòl la baze sou enpòtans enfraksyon an.

Kategori sispansyon yo se sak apre yo:

Sispansyon nan kay vle di retire yon elèv nan aktivite regilye klas la, men pa nan etablisman lekòl la, pou pa plis pase dis (10) jou lekòl youn apre lòt, oswa pa plis pase dis (10) jou lekòl adisyone pou plizyè enfraksyon pandan ane lekòl la. Retire l sèlman nan patisipasyon nan aktivite andeyò pwogram kou yo oswa evenman òganize pa lekòl la, oswa tou le de, pap konte lan kalkil jou lekòl yo pou retire li.

Sispansyon tèm kout vle di retire yon elèv soti nan lekòl la ak aktivite regilye klas yo pou dis (10) jou lekòl youn apre lòt oswa mwens. Yon direktè kapab, si li deside sa, pèmèt yon elèv pou li sibi yon sispansyon tèm kout nan lekòl. Retire l sèlman nan patisipasyon nan

aktivite andeyò pwogram kou yo oswa evenman òganize pa lekòl la, oswa tou le de, pap konte lan kalkil jou lekòl pou retire li.

Sispansyon tèm long vle di retire yon elèv soti nan lekòl la ak aktivite regilye klas yo pou plis pase dis (10) jou lekòl youn apre lòt, oswa plis pase dis (10) jou lekòl adisyone pou plizyè ofans disiplinè nan nenpòt ane lekòl. Retire l sèlman nan patisipasyon nan aktivite andeyò pwogram kou yo oswa evenman òganize pa lekòl la, oswa tou le de, pap konte lan kalkil jou lekòl pou retire li. Eksepte pou elèv yo ki fè yon ofans disiplinè ke yo di lan sou-seksyon (a) oswa (b) nan G.L. c. 71, §37H, §37H, oswa nan seksyon 37H ½ of G.L., c. 71, okenn elèv ta dwe jwenn yon sispansyon tèm long pou youn oswa plis ofans disiplinè pou plis pase katrevendis (90) jou lekòl nan yon ane lekòl pou kòmanse konte depi premye jou yo retire li nan lekòl la. Okenn sispansyon tèm long dwe depase fen ane lekòl ke yo bay sispansyon an.

Ranvwa an Ijans vle di ranvwaye yon elèv pou yon tan lè yon elèv fè yon ofans disiplinè epi prezans pèmanan elèv la prezante yon danje pou moun oswa pwopriete, oswa deranje materyèlman epi sibstansyèlman lòd lekòl la, epi ke nan jijman direktè a, pa gen lòt opsyon disponib pou soulaje danje oswa deranjman an.

Ekspilsyon vle di ranvwaye yon elèv soti nan etablisman lekòl la, aktivite klas regilye yo, ak aktivite regilye yo pou plis pase katrevendis (90) jou lekòl, endefiniman, oswa an pèmanans, jan yo pèmèt li lan G.L. c. 71, §§37H or 37H ½ pou: a) posesyon yon zam danjere; b) posesyon yon sibstans kontwole; c) atak sou yon manm pèsonèl edikatif la; oswa d) yon akizasyon pou krim, oswa yon plent oswa kondanasyon pou delenkans kriminel, oswa yon jijman oswa admisyon ke li koupab krim sa a, si yon direktè detèmine ke prezans pèmanan elèv la kapab gen yon efè enpòtan ki pa bon pou byennèt jeneral lekòl la jan yo di nan G.L. c. 71 §§37H or 37H ½.

Règleman Eta (603 CMR 53.04) yo pa anpeche yon administratè lekòl menen yon ankèt, ak ladan li de entèvyou ak elèv, sou yon ensidan disiplinè an rapò ak lekòl pandan yap ankete sou de ensidan disiplinè.

Avan ke yon direktè enpoze yon **sispansyon deyò lekòl** kòm konsekans pou yon ofans disiplinè yo pral:

- bay elèv la ak paran li yon avètisman vèbal epi alekri;
- bay elèv la yon opòtinite pou yon odyans sou akizasyon an epi bay paran an yon chans pou patisipe nan odyans sa a;
- avètisman alekri pral gen ladan li:

- ofans disiplinè an; (b) baz akizasyon an; (c) konsekans posib yo, ak ladan yo longè posib sispansyon elèv la; (d) opòtinite pou ke elèv la gen yon odyans ak direktè a regadan sispansyon yo pwopoze a, ki gen ladan li opòtinite pou denye akizasyon yo epi prezante esplikasyon elèv la sou ensidan sipoze an, epi pou paran an asiste odyans la; (e) dat, lè, epi kote odyans lan ap fèt;
- (f) dwa pou elèv la ak paran li gen sèvis entèprèt nan odyans la si yo bezwen patisipe; (g) si yo ka mete elèv la nan yon **sispansyon tèm long** apre odyans ak direktè a:
- Dwa ki etabli lan 603 CMR 53.08 (3)(b); 2. Avan odyans lan, elèv/paran an ap jwenn opòtinite pou egzamine dosye ak dokiman elèv la ke direktè a ka baze sou yo 3. Elèv la gen dwa pou yon avoka oswa yon moun ki pa pwofesyonèl reprezante li ke lap peye li menm 4. Elèv la gen dwa pou mennen yon temwen epi pou prezante esplikasyon pa li sou ensidan an. Temwen ki elèv/viktim yo pa oblije konvoke yo si direktè a deside espesifikman, aloral oswa alekri, nan odyans lan, si ke idantifikasyon yon elèv ki temwen, oswa prezans yon temwen/viktim lan odyans lan, kapab mete an danje sekirite fizik li oswa lakòz entimidasyon. Tout temwen dwe volontè epi akonpaye pa yon gadyen si li gen mwens ke 18 an. 5. Elèv la gen dwa kesyonnen temwen ke distrik lekòl la prezante yo. Tout temwen dwe volontè epi akonpaye pa yon gadyen si yo gen mwens ke 18 an. 6. Elèv la gen dwa pou li mande ke odyans la anrejistre epi pou li resevwa yon kopi anrejistremant odyo a si direktè a te mande yon anrejistremant odyo. 7. Yo ka fè apèl pou sispansyon long tèm pou plis pase dis (10) jou youn apre lòt oswa adisyone bay sipèntandan an nan twa (3) jou ki apre desizyon direktè a epi yo ka pwolonje li pou rive (7) jou kalandriye sou demand.
- Direktè a oswa moun deziyen an pral fè efò rezonab pou avèti paran an vèbalman sou opòtinite pou asiste odyans lan. Pou fè yon odyans san paran an pa la, direktè a dwe kapab dokimante efò ki fèt yo pou mete paran an ladan li. Direktè a sipoze te fè de efò rezonab si li te voye avètisman alekri epi te dokimante omwen de (2) esè pou kontakte paran an jan paran an te mande pou avètisman ijans yo.
- Avètisman alekri pou paran an dwe fèt pa livrezon dirèk ala men, lapòs premye klas, lapòs sètifye, voye pa imel nan yon adrès ke paran an te bay pou konnikasyon ak lekòl yo, oswa nenpòt metòd livrezon ke direktè a ak paran an te aksepte.

Avan ke yon direktè enpoze yon sispansyon nan lekòl kòm konsekans pou yon ofans disiplinè yo pral:

- Direktè a dwe enfòme elèv la sou akizasyon pou ofans disiplinè a ak baz akizasyon an, epi bay elèv la opòtinite pou li konteste akizasyon an epi esplike sikonstans ki te genyen lè ensidan sipoze a pase. Si direktè a detèmine ke elèv la komèt ofans disiplinè yo, direktè a pral enfòme elèv la sou longè sispansyon nan lekòl la, ki paka depase 10 jou, adisyone oswa youn apre lòt, nan yon lane lekòl.
- Lan menm jou ak desizyon sispansyon nan lekòl la, direktè a dwe fè efò rezonab pou avèti paran an vèbalman sou ofans disiplinè a, rezon ki fè yo jwenn ke elèv la komèt yon enfrazasyon, ak longè sispansyon nan lekòl la. Direkte a dwe an menm tan envite paran an nan yon reyinyon pou diskite sou pèfòmans akademik ak konpòtman elèv la, estrateji pou angajman elèv, ak repons dirèk pou konpòtman an. Reyinyon sa a dwe pwograme nan jou sispansyon an si sa posib, sinon pi vit ke li posib apre sa. Si direktè a pa kapab jwenn paran an apre ke li fè epi dokimante omwen de (2) esè pou li fè sa, esè sa yo ap repwezante efò rezonab yo pou kapab avèti vèbalman paran yo sou sispansyon nan lekòl la.

- Direktè a dwe voye yon avètisman alekri bay elèv lan ak paran an sou sispansyon nan lekòl la, sa gen ladan li rezon ak longè sispansyon nan lekòl la, epi envite paran an nan yo reyinyon ak direktè a. Livrezon avètisman alekri a dwe fèt delamen alamen, pa lapòs sètifye, lapòs premye klas, imel nan yon adrès ke paran an te bay pou kominikasyon ak lekòl la, oswa nenpòt lòt metòd livrezon ke direktè a ak paran an te aksepte.

Nenpòt elèv kap sèvi yon sispansyon nan lekòl, sispansyon tèm kout, sispansyon tèm long, oswa ekspilsyon dwe gen opòtinite pou genyen kredi, jan sa aplikab, fè devwa, tès, papye, ak lòt travay lekòl jan li bezwen pou fè pwogrè akademik pandan peryòd ke yo retire li nan klas la oswa lekòl la. Direktè a dwe enfòmè elèv la ak paran an pou opòtinite sa a alekri lè yo enpoze yon sispansyon oswa ekspilsyon konsa. Lan tout ka sispansyon andeyò lekòl yo pou elèv Pre-K 3zyèm Ane, direktè a oblije voye yon kopi detèminasyon an alekri bay sipè-entandan an epi esplike rezon ki fè yo enpoze yon sispansyon, avan ke sispansyon tèm kout la kòmanse.

Ranvwa an Ijans - Yo kapab ranvwaye yon elèv pou pa plis ke de (2) jou lekòl apre dat yon sispansyon an ijans si elèv la akize pou yon ofans disiplinè epi ke prezans elèv la se yon danje pou moun oswa pwopriyete oswa deranje materyèlman ak sibstansyèlman lòd lekòl la, epi, dapre jijman direktè a, pa gen lòt opsyon pou diminye danje oswa deranjman an. Direktè a pral avèti menm lè a sipè-entandan an alekri sou ranvwa a ak rezon yo fè li an, epi dekri danje ke elèv la reprezante a. Ak sa direktè a pral:

- Fè efò rezonab menm lè a pou avèti vèbalman elèv la ak paran li sou ranvwa an ijans lan ak rezon ki fè ke yo bezwen ranvwa an ijans lan epi swiv pwosedi pou yon sispansyon andeyò lekòl jan yon di anlè a.
- Bay paran yo yon opòtinite pou yo asiste odyans la avan ekspirasyon de (2) jou lekòl yo, amwens ke gen yon pwolongasyon tan pou odyans la ki te aksepte pa direktè a, elèv la, epi paran an.
- Direktè a dwe bay yon desizyon vèbalman lan menm jou odyans lan, epi alekri pa pi ta pase jou lekòl ki apre a dapre desizyon ki fèt pou yon sispansyon tèm kout/long.

Tèks konplè Student Discipline Regulations (Règleman Disiplin Elèv) la disponib sou site entènèt Massachusetts Department of Elementary & Secondary Education lan sou: <http://www.doe.mass.edu/lawsregs/603cmr53.html>

DISIPLIN POU ELÈV KI GEN ANDIKAP

Elèf ki gen bezwen espesyal: Lan sa ki konsène ranvwa elèv yo ki gen bezwen espesyal nan lekòl piblik, Lwa Jeneral Massachusetts yo Chapit 71B, Seksyon 1 di: "Okenn Komite Lekòl ta dwe refize yon timoun

ki gen laj pou lekòl ki gen de bezwen espesyal pou li gen admisyon oswa kenbe li nan yon lekòl piblik san otorizasyon Depatman Edikasyon an".

Yo pa dwe refize okenn timoun yon fòm edikasyon altènatif ki apwouve pa Depatman an. Pou respekte lwa sa a, Depatman Edikasyon an te devlope de pwosedi, ki pwoteje elèv yo ki gen bezwen espesyal kont sispansyon pou plis pase 10 jou adisyon lan yon ane lekòl. Men, anyen nan pwosedi sa yo la pou limite kondisyon Seksyon 331 nan règleman Chapit 766 pou evalyasyon ak plasman an ijans lè gen ka agresyon danjere oswa konpòtman destriktè pou tèt li..."

1. Pwogram Edikasyon Pèsonèl (I.E.P.) la pou chak timoun ak bezwen espesyal pral endike si yo kapab atann ke elèv la respekte règ disiplin regilye an oswa si kondisyon ki andikape elèv la mande modifikasyon. Yo pa pral dekri nenpòt modifikasyon lan I.E.P. 2. Direktè a oswa moun nonmen an pral avèti biwo Sèvis Elèv la pou ofans ki merite sispansyon yon elèv ak bezwen espesyal. Yap kenbe dosye pou avètisman sa yo. 3. Lè yo konnen ke sispansyon an(yo) pou yon elèv ak bezwen espesyal pral rasanble plis ke dis jou lan yon ane lekòl, yon revizyon I.E.P. a, jan yo di lan Seksyon 333 Chapit 766 règleman yo, pral fèt pou detèmine si pwogram elèv lan apwopriye. Ekip la pral fè yon desizyon nan relasyon ant move konpòtman elèv la ak kondisyon andikap li a epi swa: i. Etidye yon pwogram modifye

pou elèv la, oswa ii. Ekri yon amandman pou bay livrezon sèvis edikasyon espesyal yo pandan sispansyon an ak nenpòt modifikasyon I.E.P a ke yo ta bezwen.

Anplis, yo pral avèti Depatman Edikasyon an jan lwa a mande, epi yo pral swiv pwosedi ki pibliye pa Depatman Edikasyon an pou mande otorizasyon pou plan altènatif la.

Yo atann ke tout elèv yo respekte kondisyon konpòtman ki etabli nan liv gid sa a. Lwa ak Règleman Federal yo egzije ke de aranjman anplis fèt pou elèv ki gen andikap yo. Direktè a oswa moun ki deziyen an dwe avèti 24 Direktè Sèvis Elèv la la pou ofans ki ka lakòz sispansyon yon elèv ak swa yon IEP oswa yon Plan Akomodasyon 504.

Pèsonèl Administratif Lekòl la kapab ranvwaye yon elèv ki gen andikap nan lekòl la pou yon vyolasyon disiplinè pou pa plis ke 10 jou youn apre lòt (akondisyon ke opsyon sa yo aplike pou elèv ki pa gen andikap), epi pou renvwa anplis pou pa plis ke 10 jou nan menm ane lekòl la pou de ensidan move konpòtman separe (depi ke ranvwa sa yo pa chanjman nan plasman) egal ak disiplin ki pa enpoze sou elèv ki pa gen andikap yo pou menm ofans lan. IDEA 2004, Section §615 (k) (1) (B).

Aprè ke yon timoun ki gen andikap fin ranvwaye soti nan plasman li pou jou lekòl nan menm ane a, pandan nenpòt jou apre yo ranvwaye li, timoun lan dwe kontinye resevwa sèvis ki pèmèt li patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la, malgre ke li nan yon lòt anviwònman, epi pou li fè pwogrè pou li rive jwenn objektif yo ke yo di lan IEP timoun lan; epi timoun lan dwe resevwa, kòm sadwa, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, ak sèvis entèvansyon konpòtman yo ak chanjman, ki fèt pou adrese vyolasyon konpòtman an pou sa pa rive ankò.

Nan 10 jou yo kap swiv desizyon pou chanje plasman yon timoun ki gen andikap akòz yon vyolasyon yon règ konpòtman elèv, distrik la, paran an(yo), ak manm ki konsène nan Ekip IEP timoun lan dwe egzamine tout enfòmasyon ki gen rapò yo nan dosye elèv la, sa gen ladan li IEP timoun lan, nenpòt obsèvasyon pwofesè yo, ak nenpòt enfòmasyon an rapò ke paran oswa gadyen yo bay pou detèmine si:

1. Konpòtman konsène a te fèt akòz, oswa te gen yon relasyon dirèk epi enpòtan ak, andikap timoun lan, oswa
2. Konpòtman konsène a te yon rezilta dirèk echèk distrik la nan egzekisyon IEP an. Yo dwe detèmine ke konpòtman an se yon manifestasyon andikap timoun lan si distrik la, paran an, ak manm konsène nan Ekip IEP timoun lan yo detèmine ke se te yon kondisyon ki swa nan paragraf (i) oswa (ii) te respekte. Ekip la pral fè yon konsta, yon detèminasyon pou manifestasyon, si gen rapò ant move konpòtman elèv la ak kondisyon andikap li, fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl si sa apwopriye, epi modifiye oswa amande IEP a pou bay sèvis Edikasyon Espesyal yo pandan sispansyon an, oswa pou mete yon plan entèvansyon konpòtman ladan li. Si distrik la, paran an(yo), ak manm Ekip IEP konsène yo detèmine ke konpòtman an te yon manifestasyon andikap timoun lan, Ekip IEP a dwe swa; (a) Fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl amwens ke distrik la te fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl avan konpòtman an ki te gen kòm rezilta yon chanjman plasman ki te rive epi te egzekite yon plan entèvansyon konpòtman pou timoun lan, oswa (b) Si yon plan entèvansyon konpòtman te deja devlope, egzamine plan entèvansyon konpòtman an epi modifiye li jan sa nesèsè pou adrese konpòtman an epi 25 (b) Eksepte jan yo di nan 34CFR 300.530(g) seksyon sa a, retounen timoun lan nan plasman ke yo te retire li a, amwens ke paran an ak distrik la dakò pou yon chanjman plasman kòm yon pati nan modifikasyon plan entèvansyon konpòtman an.

Gen de sikonstans espesyal kote ke distrik la kapab poukont li retire yon elèv epi mete li nan yon anviwònman Interim Alternative Education (Edikasyon Altènatif Enterimè) san kenbe kont si konpòtman an te detèmine kòm yon manifestasyon andikap timoun lan. Espesifikman, pèsonèl lekòl la kapap retire yon elèv nan yon Edikasyon Altènatif Enterimè pou pa plis pase 45 jou san kenbe kont si konpòtman an te

detèmine kòm yon manifestasyon andikap timoun lan si timoun lan:

1. Gen yon zam sou li oswa posede yon zam nan lekòl la, sou teren lekòl la, oswa pote oswa posede yon zam nan yon evenman nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distrik la, oswa
2. Volontèman posede oswa itilize dwòg ki pa legal oswa vann oswa mande pou vann yon sibstans kontwòl pandan li nan lekòl la, sou teren lekòl la, oswa nan yon evenman nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distrik la, oswa:
3. Te lakòz blesi kòporèl grav sou yon lòt moun pandan yo lekòl la, nan lokal lekòl yo, oswa nan yon evenman nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distrik la.

Lan dat ke yo te pran desizyon pou fè yon ranvwa ki se yon chanjman plasman yon timoun ki gen andikap akòz yon vyolasyon règ konpòtman lekòl la, distrik la dwe avèti paran yo pou desizyon sa a, epi bay paran yo avètisman pwosedi pwoteksyon yo ke yo dekri nan 34 CFR 300.504. Direktè etablisman an pral avèti Direktè Sèvis Elèv la, epi lap avèti Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a jan plan aksyon an egzije a. Chanjman lwa eta oswa federal ki vin apre yo ap ranplase règleman ki kontrè yo nan liv gid lan.

Yon elèv ki poko kalifye pou Edikasyon Espesyal kapab pwotege dapre règleman IDEA 2004 yo si yo ka konsidere ke distrik la te konnen ke elèv la te gen yon andikap. Yo ta dwe konsidere ke distrik la gen konesans ke yon timoun gen yon andikap si avan konpòtman ki lakòz aksyon disiplinè a te fèt:

1. Paran timoun lan te pale de enkyetid li alekri bay yon pèsònèl sipèvizyon oswa administratif ki nan yon ajans edikasyon apwopriye, oswa yon pwofesè timoun lan, ke timoun lan bezwen Edikasyon Espesyal ak sèvis ki gen rapò yo, oswa
2. Paran timoun lan(yo) te mande yon evalyasyon timoun lan dapre Sec 300.300 through 300.311, oswa
3. Pwofesè timoun lan oswa lòt pèsònèl distrik la montre de enkyetid espesifik pou konpòtman timoun lan montre direktèman bay Direktè Sèvis Elèv ajans lan oswa pèsònèl sipèvizyon ajans lan.

Yo pap konsidere ke distrik la okouran si: 1. Paran timoun lan: (a) Pat aksepte yo fè yon evalyasyon timoun lan dapre 34 CFR 300.300 through 300.311, oswa (b) Te refize sèvis dapre IDEA 2. Yo te evalye timoun lan an akò avèk Sec. 300.300 through 300.311 epi yo te detèmine ke li pa yon timoun ki gen andikap dapre pati sa a.

Si distrik la pa gen konesans ke yon timoun ki gen andikap (dapre paragraf (b) ak (c) nan seksyon sa a) avan ke yo pran mezi disiplinè kont timoun lan, timoun lan ka jwenn mezi disiplinè ki aplike pou timoun ki pa gen andikap ki angaje nan menm kalite konpòtman sa yo. Si yo fè yon demand pou yon evalyasyon yon timoun pandan peryòd tan ke timoun lan genyen de mezi disiplinè dapre 34 CFR 300.530, evalyasyon an dwe fèt nan yon fason akselere.

Pou jis evalyasyon an fini, timoun lan ap rete nan plasman edikasyon ki te detèmine pa otorite lekòl yo, sa ki ka gen ladan li sispansyon oswa ranvwa san sèvis edikasyonèl. Si yo detèmine ke timoun lan se yon timoun ki gen andikap, lè yo konsidere ke enfòmasyon nan evalyasyon ke paran yo te bay, ajans lan dwe bay sèvis Edikasyon Espesyal ak sèvis ki gen rapò yo an akò ak pati sa a, ki gen ladan li kondisyon yo ki nan 34 CFR 300.530 rive nan 300.536 ak IDEA 2004 section 612 (a)(1)(A).

Paran yon timoun ki gen andikap ki pa dakò ak nenpòt desizyon ki konsène plasman nan kontèks sa a pou detèminasyon manifestasyon an oswa yon distrik ki kwè ke kenbe plasman timoun lan ladan li a siseptib anpil pou gen kòm rezilta fè timoun lan mal oswa lòt moun gen dwa fè apèl pou desizyon an epi pou fè sa mande yon odyans ak Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Biwo Apèl Edikasyon Espesyal.

Disiplin Elèv Ki Gen Andikap Dapre Seksyon 504

1. An tan ke lwa kont diskriminasyon, Seksyon 504 entèdi distrik la pou li pini elèv ki gen andikap pi di pase elèv ki pa gen andikap ta dwe pini nan menm sikonstans yo. Anplis, elèv ke yo idantifye ki gen andikap dapre Seksyon 504 yo pa gen dwa mete yo deyò oswa sispann yo nan lekòl la pou plis pase 10 jou nan yon

ane lekòl pou move konpòtman ki se yon manifestasyon andikap elèv la.

2. Si yon sispansyon pa depase 10 jou lekòl youn apre lòt epi pa gen pou rezilta ke elèv la resewva plis pase 10 jou lekòl sispansyon adisyonen pandan ane lekòl la, yo gen dwa pini elèv la menm jan ak yon elève ki pa gen andikap nan menm sikonstans yo. Yo ka sispann elèv la pou plis pase 10 jou, youn apre lòt oswa adisyonen, sèlman si Ekip Seksyon 504 la detèmine ke konpòtman konsène a pat yon manifestasyon andikap elèv la.

3. Si yo pwopoze yon sispansyon ki depase limit 10 jou a, Ekip Seksyon 504 la dwe reyini epi fè detèminasyon manifestasyon dapre pwosedi detèminasyon manifestasyon distrik 504 yo.

4. Malgre sa, yon egzamen detèminasyon manifestasyon pa obligatwa, kelkeswa longè sispansyon oswa ekspilsyon an, si elèv la te abitye sèvi ak alkòl oswa dwòg ki pa legal yo epi konpòtman ki bay pou rezilta yon aksyon disiplinè se yon enfraksyon alkòl oswa dwòg. Nan sikonstans sa yo, yo ka pini elèv la menm jan ak lòt elèv yo nan menm sikonstans yo.

GOUMEN AK ATAK

Vyolans fizik lan yon lekòl deranje pwosesis edikasyon an anpil. Nenpòt elèv ki frape oswa eseye frape yon lòt elèv oswa manm pèsònèl ka jwen aksyon disiplinè.

TRICHE AK PLAJYA (KOPYE)

Onètete gen valè lan Coakley Middle School, epi yo dwe konnen ke triche ak kopye pa akseptab. Konsa, yo paka repete ase ke elèv yo bezwen konprann klèman kisa ki triche ak/oswa kopye a (plajya). Fòm ki pi kouran yo ekri anba a:

- Gade pape yon lòt elèv pandan yon egzamen, tès, kesyonè, oswa lòt kalite evalyasyon;
- Pote enfòmasyon lan yon egzamen, tès, kesyonè, oswa lòt kalite evalyasyon ak entansyon pou sèvi ak li yon jan ki pa apwopriye;
- Resewwa enfòmasyon (pa nenpòt mwayen) pandan egzamen, tès, kesyonè, oswa lòt kalite evalyasyon;
- Kopye travay yon lòt elèv pou fini yon devwa;
- Bay yon lòt elèv enfòmasyon ki pa otorize (pa nenpòt mwayen) pandan egzamen, tès, kesyonè, oswa lòt kalite evalyasyon;
- Pataje materyèl pou sèvi ak yo yon jan ki pa apwopriye pou fini yon devwa;
- Plajya oswa pran kredi pou travay ki pa paw, tankou kopye travay yon lòt elèv, yon liv, oswa yon sous sou entènèt pandan kew pa bay kredi sou kote ou jwenn enfòmasyon an (gade Gid Rechèch ak Ekri, 6-12yèm Ane. Norwood Public Schools).

Malgre efò ke gwoup profesè yo ak pèsònèl la fè regilyèman pou aprann elèv yo ke triche/kopye pa apwopriye, se responsablite elèv yo pou asire ke yo pap sipoze ke gen malonètete lè yap remèt oswa fini yon devwa.

Alò, yo rekòmande anpil pou elèv yo al jwenn profesè yo epi poze kesyon sou kijan pou yo sèvi ak kontni materyèl yo ki ka fè poze kesyon sou si travay final elèv la remèt la se pa li vre. Paran yo ak gadyen yo tou bezwen konnen ke alò ke lekòl la vreman ankouraje epi konprann efò ki fèt lakay pou gide, ede, epi sipòte pwosesis aprantisaj la, yon travay final yon elèv remèt ta dwe reprezante konesans reyèl li ak nivo kapasite li, paske nenpòt sa yon elèv remèt ki pa sanble ak sa yon pwofesè abitye nan men elèv la rann sa difisil pou yon pwofesè pou li evalye ak presizyon pwogrè akademik elèv yo.

Triche ak kopye vyole prensip respè ak responsablite lekòl nou an. **Yon moun kap triche pa sèlman fè tèt li mal, sa pral menen lekòl la nan konsekans. Pwofesè a nan konsiltasyon ak administrasyon an pral detèmine ki aksyon yo bezwen pran pour korije sitiyasyon an.**

KONTRA KONPÒTMAN

Elèv ki resevwa 5 referans akòz konpòtman ki pa apwopriye yo pral konsidere yo pou plasman nan yon kontra konpòtman. Yon kontra konpòtman se yon seri règ klè ke yo ekri espesyalman pou yon elèv. Li kòmanse apre yon reyinyon ak elèv la, paran/oswa gadyen li, ekip elèv la, epi yon administratè pou diskite kontra a. Li pral montre etap yo ke elèv la bezwen pran pou yon peryòd tan ke li sou kontra sa a. Ensidan repete/oswa grav ki rive andedan sal klas la ak sa yo ki te jere pa administratè lekòl yo gen dwa deklanche kòmansman menm lè a pou yon kontra. Pwofesè yo pral avèti paran/gadyen yo ak administratè yo pou nenpòt enkyetid ki genyen. Yo pral voye yon lèt ak yon kopi kontra lakay yo. Lè yo resevwa lèt la, paran/gadyen an dwe kontakte sekretè lekòl la pou fè aranjman pou yon konfèrans ak ekip la.

Yon kontra la abityèlman pou 20 jou lekòl, men li ka pwolonje si pwogrè pa fèt nan direksyon objektiv yo. Pandan tan ke kontra a kouvri a, elèv la pap gen dwa patisipe lan okenn klèb, aktivite andeyò kou yo (espò, mizik, danse, elatriye), oswa asiste nan okenn vizit andeyò lekòl ak ladan li aktivite fen ane pou 8yèm ane a. Anplis, nenpòt elèv ke yo mete sou de kontra separe pandan yon ane akademik pap kapab patisipe nan okenn aktivite lan tout lekòl la oswa vizit andeyò pou rès ane akademik la.

Lan fen kontra a:

- Kontra a respekte, alò pwoblèm konpòtman an sipoze korije epi elèv la kalifye pou patisipe lan tout aktivite lekòl la yo;
- Si kontra a vyole pandan premye 20 jou yo, alò yon administratè/oswa ekip la pral rankontre ak elèv la pou jere vyolasyon an. Kontra a pral pwolonje pou 5 jou lekòl anplis epi yo ka mete lòt etap pou ede elèv fè pwogrè. Yo pral avèti paran/gadyen yo sou pwolongasyon an ak nenpòt chanjman lan kontra a;
- Si yo gen pou fè yon dezyèm pwolongasyon, alò pral gen yon sispansyon andedan lekòl. Anplis, yon reyinyon pral fèt ak elèv la, paran/gadyen an, manm ekip la epi yon administratè pou diskite mank pou pwogrè elèv la.

NÒT: Yon administratè, avèk manm ekip yo, ka egzaminen sitiyasyon akademik/oswa ofans konpòtman yo pou yon elèv baze sou de sikonstans pou diminye ki ka rive. Administratè lekòl la yo rezève dwa pou revize dosye konpòtman/oswa akademik nenpòt elèv epi fè ajisteman ak akomodasyon lan patisipasyon li lan aktivite lekòl yo.

ABI AK NEGLIJANS SOU TIMOUN

Chapit 439 - Yon lwa ki mande ke komite lekol yo avèti pèsònèl lekòl la sou egzijans pou rapòte abi ak neglijan sou timoun. Chapit 71 lan Lwa Jeneral yo te amande lè yo ajoute seksyon ki swiv la apre §37K: Seksyon 37L - Komite lekòl la lan chak distrik lekòl vil, vilaj/oswa rejyonal ta dwe enfòmè pwofesè yo, administratè yo, ak lòt pèsònèl pwofesyonèl sou egzijans pou rapòte abi ak neglijan sou timoun jan yo di lan §51A rive §51F, ladan li, lan Chapit 119. Tèks Chapit 119, §51A a, yo ka jwenn li lan sèten Lwa Jeneral pou Komite Lekòl ak Pèsònèl Lekòl yo. Nap travay ak Biwo Egzekitif Sèvis Imen an pou aplike nouvo lwa sa a.

RÈGLEMAN EGZIJANS C.O.R.I

Se règleman Norwood Public Schools pou li jwenn tout enfòmasyon sou Dosye Ofansè Kriminèl (Criminal Offender Record Information) (C.O.R.I.) lan men Sèvis Enfòmasyon Depatman Jistis Kriminèl (Department of Criminal Justice Information Services) (DCJIS) sou anplwaye (yo) oswa volontè (yo) Depatman Lekòl la ak ladan yo nenpòt moun ki fè transpò an rapò ak lekòl pou timoun, ki kapab gen kontak dirèk epi san kontwòl ak timoun, avan ke yo angaje anplwaye sa a (yo) oswa aksepte nenpòt moun kòm volontè. Lwa eta a mande ke distrik lekòl la jwenn done C.O.R.I. pou anplwaye konpayi taksi ki gen

kontra ak lekòl la pou fè transpò elèv yo. Sipè Entandan an, oswa si li pa la, Asistan Sipè Entandan an dwe tanzantan, men pa mwens ke chak twa lane, jwenn tout Dosye Ofansè Kriminèl lan men Criminal History Systems Board la sou tout anplwaye, moun yo ki fè regilyèman transpò an rapò ak lekòl pou timoun, ak ladan li anplwaye konpayi taksi, ak 9 volontè ki kapab gen kontak dirèk epi san kontwòl ak timoun, pandan tèl travay yo a ak sèvis volontè yo.

PWOSEDI FÈMTI LEKÒL POU IJANS

Lè sa nesese pou fèmen lekòl akòz ijans/move tan, yo pral anonse sa lan estasyon radyo/telvizyon yo (gade seksyon Enfòmasyon Pa Gen Lekòl la pou plis enfòmasyon). Tanpri atann ou ke telefòn lekòl yo pap disponib ant lè gen ijans epi lè yo di yap lage a poutèt bezwen pou rele deyò. Norwood Public Schools kapab rakousi jounen lekòl nòmal la poutèt sitistasyon ijans, tankou pa gen chofaj, kouran, pèt presyon lan dlo oswa move tan. Lè yo lage tout lekòl la bonè ak otorizasyon Sipè Entandan an, tout esè pral fèt pou avèti paran yo atravè ConnectEd, medya a ak lòt sous enfòmasyon piblik disponib yo. Paran yo ki lan travay oswa pa lakay yo ta dwe fè aranjman pou okipe timoun yo a lè lekòl la lage. Li obligatwa pou ke nimewo telefòn kontak ijans ou yo ajou.

LWA SOU DWA AK KONFIDANSYALITE POU EDIKASYON FAMILYAL (FERPA)

Non yo ak adrès ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak elèv yo kontwòle pa Règleman Dosye Elèv ak Lwa Sou Dwa ak Konfidansyalite pou Edikasyon Familyal (FERPA). 10 Pandan ane a lekòl la ka pibliye atravè Entènèt la oswa pou piblikasyon non yon elèv, adrès li, klas li, patisipasyon li nan aktivite ak espò ki rekonèt ofisyèlman, nivo, onè, ak rekonpans, epi plan pou apre lekòl segondè san konsantman elèv ki kalifye a oswa paran yo. Yo regilyèman fè foto ak videyo Aktivite ak pèfòmans edikasyonèl yo pou bilten enfòmasyon lekòl la, jounal lokal yo, ak estasyon televizyon pa kab lokal yo. Dapre Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) la ou gen dwa pou enfòm lekòl la nan yon tan rezonab ke ou pa vle ke yo pibliye sèten enfòmasyon san otorizasyon davans. Si ou pa swete ke yo pibliye sèten oswa tout enfòmasyon sa yo

sou timoun ou an, tanpri voye yon avètisman alekri bay Direktè a.

FOTOGRAFYE ELÈV AK ANREJISTRE YO SOU VIDEYO

Pandan ane lekòl la, Norwood Public Schools otorize diferan òganizasyon tankou medya nouvel lokal ak gwoup paran yo pou fè foto oswa videyo elèv yo ki angaje nan aktivite an rapò ak pwogram lekòl la yo. Foto sa yo gen dwa sèvi sou tablo anons, lan bilten enfòmasyon, jounal, sou estasyon televizyon edikasyonèl oswa kèk kalite piblikasyon edikasyonèl ki fèt pou montre ak dekri aktivite òganize oswa ankouraje pa Norwood Public Schools la. Si paran yo gen yon enkyetid pou pitit yo parèt lan nenpòt foto oswa videyo sa yo, yo ta dwe avèti lekòl la alekri lè yo ranpli paj siyati refi media a ki lan fen dokiman sa a.

BRIMAD INISYAYON (HAZING)

Yon Lwa ki Entèdi Pratik Brimad Inisyasyon (Hazing) - Chapit 536 ki te dekrete pa Sena a ak Chanm Depite yo lan yon Asanble Jeneral, epi ak pa otorite menm sa yo, jan yo di apre a: Chapit 269 lan Lwa Jeneral yo amande lè yo ajoute seksyon ki apre yo: Seksyon 17 - Kelkeswa moun ki pwensipal òganizatè oswa patisipe lan krim brimad inisyasyon (hazing) an jan li defini la a yap pini li ak yon amann pa plis pase mil dola oswa yon tan prizon lan yon mezon koreksyon pou pa plis ke san jou, oswa ak tou lede amann ak

tan prizon ansanm.

Mo "hazing" la jan yo di li nan seksyon sa a ak lan seksyon dizwit vle di nenpòt konpòtman oswa metòd inisyasyon lan yon òganizasyon elèv, ke sa swa lan yon pwopriyete piblik oswa prive, ki volontèman oswa san pwekosyon mete an danje sante fizik oswa mantal nenpòt elèv oswa lòt moun. Konpòtman sa gen ladan li kout fwèt, kout baton, make, egzèsis fòse, ekspozisyon lan move tan, konsomasyon fòse nenpòt manje, likè, bwason, dwòg oswa lòt sibstans, oswa nenpòt lòt tretman brutal ak aktivite fizik fòse ki gen posiblite gen efè negatif sou sante fizik oswa sekirite nenpòt elèv oswa lòt moun, oswa ki mete elèv sa a oswa lòt moun anba estrès mantal grav, ak ladan yo anpeche domi oswa repoze pou anpil tan oswa izolman pwolonje.

Seksyon 18 - Kelkeswa moun ki konnen ke yon lòt moun se yon viktim brimad inisyasyon jan yo di lan seksyon disèt la epi ki kote krim sa a fèt la ta dwe, ak kondisyon ke moun sa a kapab fè sa san danje oswa risk pou tèt li, rapòte krim sa a bay yon ofisyè ranfòsman lalwa pi vit ke sa rezonableman kapab fèt. Kikonk pa rapòte yon krim konsa pral pini ak yon amann pou pa plis ke senk san dola.

LWA REFÒM EDIKASYON MASSACHUSETTS 1993

Lwa sa a fèt pou kreyasyon yon Konsèy Lekòl nan chak lekòl elemantè, segondè, ak lekòl pwofesyonèl endepandan yo lan Commonwealth of Massachusetts lan. Objektif Konsèy sa a se pou konseye Direktè a sou diferan domèn ki soti depi bidjè rive nan pwogram edikasyon. Òganizasyon sa a diferan nèt de Konsèy PTA (Assosyasyon Paran ak Pwofesè Elèv) an. Konsèy Lekòl la gen ladan li paran yo, pwofesè yo, yon manm kominote jeneral la ak Direktè a. Yo fè eleksyon pandan otòn ane lekòl lan. LWA AVÈTISMAN PARANTAL dapre M.G.L, Chapit 71, § 32A, yon paran gen dwa pou egzante pitit yo pou nenpòt pòsyon lan pwogram edikasyon an ki gen rapò ak edikasyon seksyèl oswa pwoblèm seksyalite imen yo. Pou resevwa egzanpsyon sa a, yon paran dwe voye yon deman alekri bay Direktè a pou mande egzanpsyon an pou pitit li a. Okenn elèv ki egzante pou pòsyon pwogram edikasyon sa a ap penalize. Si ou ta renmen yon apèsi sou pwogram edikasyon sa a, kontakte Direktè a.

DEKLARASYON KONPREYANSYON (M.O.U.)

Norwood Public Schools ak Depatman Lapolis Norwood patisipe epi kowopere pou bay yon anviwònman ki gen tout sekirite pou jèn moun nan lekòl la ak nan kominote a.

Kontak desiye lapolis la ap enfòmè direktè a si gen okenn arestasyon oswa pwoblèm sekirite ak aktivite ki pa kriminèl ki enplike elèv Norwood Publik School yo. Elèv ki enplike nan nenpòt pwoblèm sa yo kapab jwenn sanksyon lekòl oswa atletik. Deklarasyon Konpreyasyon konplè a yo ka egzamine li nan biwo direktè a.

RÈGLEMAN KONSÈNAN DISKRIMINASYON AK PÈSEKISYON

Pou bay opòtinite edikasyon egal pou tout elèv nou yo sou yon baz ki pa fè diskriminasyon, se règleman Norwood Public School pou li respekte konplètman Chapit 76, seksyon 5 Lwa Jeneral Massachusetts, Tit VI nan Lwa Dwa Sivil 1964 yo, Tit IX nan Amandman Edikasyon 1972 yo, Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la, Tit II nan Lwa Ameriken ki gen Andikap 1990 la, epi avèk Règleman Pèsekisyon Seksyèl Komite Norwood Public School la.

Règleman Norwood Public School yo ki konsène Chapit 76, seksyon 5, Tit IV, Tit IX, Seksyon 504, Tit II, ak pèsekisyon seksyèl entèdi diskriminasyon pou kòz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, relijyon oswa orijin nasyonal ak andikap, tankou move vizyon oswa mal pou tande, nan domèn apre yo: admisyon nan sistèm lekòl yo; admisyon nan kou etid; opòtinite oryantasyon; opòtinite pwogram etid; aktivite andeyò kou; bous etid ak rekonpans lajan; travay; epi sèvi ak ekipman yo.

An plis de sa, yo te etabli yon pwosedi doleyans pou elèv ak anplwaye yo. Pwosedi doleyans lan kòmanse ak Direktè bilding lan kote ke diskriminasyon oswa pèsikisyon sipoze a te fèt la. Si yo pa jwen yon solisyon nan nivo bilding lan sou 20 jou apre ke yo resevwa plent lan, yap refere afè a bay Asistan Sipè-Entandan an pi vit posib, ak ladan li nenpòt enfòmasyon ki koresponn. Asistan Sipè-Entandan an pral mennen yon ankèt sou afè a epi reponn tout demann alekri sou 20 jou lekòl apre ke li resevwa plent ki pat rezoud la. Si sa apwopriye, plan pou korije nenpòt inegalite ap antre nan repons lan tou. Lan ka yon pèsikisyon seksyèl, premye pa a ap gen ladan li yon deskripsyon pèsikisyon ke moun lan sipoze fè a.

Si li pa rezoud oswa pa rezoud pou satisfè li, moun ki fè plent lan ka fè yon demand alekri bay Sipè-Entandan Lekòl yo. Sipè-Entandan an, oswa moun li deziyen an, pral fè yon ankèt tou epi eseye rezoud pwoblèm lan nan 20 jou apre ke li resevwa plent ke sa pat rezoud la. Sipè-Entandan an pral reponn demandè a alekri apre ankèt la. Yap kenbe yon dosye separe sou tout aksyon ki pran yo dapre pwosedi doleyans lan.

Komite lekòl la pral sèvi kòm konsèy apèl final yo pou tout afè ke Sipè-entandan an oswa moun li deziyen an, pa kapab rezoud. Aksè ak Komite Lekòl la fèt pa avètisman alekri voye bay Prezidan an pou dekri pwoblèm lan epi mande opòtinite pou egzamine afè a avèk Komite Lekòl la. Dokiman yo dwe akonpaye demand alekri a pou egzamen.

Lan ka ke gen yon plent, moun ak ajans apwopriye yo se:

Lekòl:

Norwood High School, Dr. Hugh Galligan, Direktè 781-769-2333

Coakley Middle School, Dr. Margo Fraczek, Direktris 781-762-7880

Balch School, Diane Ferreira, Direktris 781-762-0694

Callahan School, TBD, Direktè 781-762-0693

Cleveland School, TBD, Direktè 781-762-6522

Oldham School, Steven Olsen, Direktè 781-769-2417

Prescott School, Brian Riley, Direktè 781-762-6497

Willett School, TBD, Direktè 781-762-6805

Distrik

Dr. Dave Thomson, Superintendent of Schools James R. Savage Educational Center 275 Prospect Street Norwood, MA 02062 781-762-6804 ext. 5819

Dr. Alec Wyeth, Title VI and Title IX and Section 504 Coordinator Assistant Superintendent of Schools James R. Savage Educational Center 275 Prospect Street Norwood, MA 02062 781-762-6804 ext. 5816

Dr. Alec Wyeth Title I Coordinator Assistant to the Supt. of Schools Elementary Curriculum/Grants James R. Savage Educational Center 275 Prospect Street Norwood, MA 02062 781-762-6804 ext. 5815

Paul Riccardi, ADA Coordinator Director of Buildings/Grounds James R. Savage Educational Center 275 Prospect Street Norwood, MA 02062 781-762-6804 ext. 5830

McKinney-Vento (Homeless) Coordinator Administrative Assistant to the Superintendent of Schools James R. Savage Educational Center 275 Prospect Street Norwood, MA 02062 781-762-6804 ext. 5819

14

Anplis pwosedi ki anlè a yo, nenpòt elèv oswa anplwaye dwe rapòte yon doleyans direktman nan ajans ki lan lis sa yo:

Massachusetts Commission Against Discrimination One Ashburton Place Boston, MA 02108 617-727-3990

Office for Civil Rights J.W. McCormack Post Office & Court House Boston, MA 02109 617-223-9662

Kesyon regadan règleman sa yo oswa demand pou tèks konplè règleman Komite Lekòl yo ta dwe dirije sou Biwo Sipè Entandan Lekòl yo.

EDIKASYON ESPESYAL

Règleman Edikasyon Espesyal Massachusetts yo asire ke elèv ki kalifye yo resevwa sèvis edikasyon espesyal ki pwepare pou devlope potansyèl endividyèl edikasyonèl elèv la lan yon anviwonman ki mwen limite dapre règleman eta ak federal aplikab yo.

Pou yo ka satisfè bezwen aprantisaj yon timoun andedan anviwonman ki gen mwens limit la chak lekòl ofri sèvis yon Ekip Sipò Elèv. Yon gwoup pwofesè ak espesyalis travay ansanm pou idantifye epi aplike akomodasyon ak modifikasyon sal klas la pou sipòte tout aprenè nan pwogram edikasyon regilye a.

Lè entèvansyon aplike dapre rekòmandasyon Ekip Sipò Elèv la pa gen siksè lan satisfè bezwen yon timoun epi ke Ekip la kwè ke yon andikap afekte pwogrè timoun lan, Ekip la pral rekòmande yon evalyasyon pou edikasyon espesyal. Evalyasyon yo fèt lan domèn andikap ke yo sispèk la pa yon ekip espesyalis ki gen fòmasyon. Sa ki gen ladan li yon pwofesè, konseye, enfimyè, psikològ, pwofesè andikap pou aprann ak nenpòt lòt espesyalis ki nesèsè.

Pandan lap travay ak paran yo EKIP Edikasyon Espesyal la ap detèmine si wi oswa non elèv la pwezante yon andikap, idantifye kalite andikap la epi bay yon Pwogram Edikasyon Pèsonalize (Individual Educational Program) (IEP) pou timoun lan.

SEKSYON 504

Yap bay akomodasyon 504 pou tout elèv ke yo jwenn ki gen difikilte fizik oswa mantal ki limite seryezman nan youn oswa plis aktivite enpòtan nan lavi yo (gen ladan li aprann). Lekòl la gen pou responsablite pou li idantifye, evalye, epi, si timoun lan detèmine kòm kalifye dapre Seksyon 504, pou li resevwa aksè nan sèvis edikasyon apwopriye yo. Elèv ke yo detèmine ki andikape dapre seksyon 504 mande yon repons nan men pèsonèl edikasyon regilye (jeneral) la nan pwogram edikasyon jeneral la. Yon ekip moun ki gen konesans sou elèv la (gen ladan li paran/gadyen yo) ap egzamine nati andikap elèv la pou detèmine si oswa kijan andikap la afekte edikasyon elèv la epi detèmine ki akomodasyon avèk/oswa sèvis sa mande. Yo ofri yon varyete akomodasyon ak sèvis dapre Plan Akomodasyon 504 yo; ke yo dokimante epi revize tanzantan. Ofisye an Chèf pou Konfòmite a se Kowòdinatè 504 pou distrik la.

Aprantisaj Lang Angle

Norwood Public Schools ofri enstriksyon konpreyansif, dirèk, ak gran-kalite pou lang Angle a, gen ladan li pale, konpreyasyon tande, lekti, epi ekriti jan yo mande pou sipòte devlopman Angle akademik pou yon ELL. Enstriksyon sa a gen ladan li aprann rezilta yo nan pale, konpreyasyon tande, lekti, ak ekriti.

Norwood Public School ap swiv pwogram ELL ki prepare pa WIDA Consortium (World-Class Instructional Design and Assessment). Pwogram edikasyon WIDA a te fèt pou li se yon plan pou devlopman yon pwogram English as a Second Language (ELD)(Angle kòm Dezyèm Lang). Anplis, M.G.L. Chapter 71A mande ke prèske tout elèv ki pi Limited English Proficient (ki pi Limite nan Lang angle) (LEP) yo

edike nan yon pwogram Sheltered English Immersion (SEI) (Imèsyon Angle Pwoteje). Yon pwogram SEI konpoze pa de eleman:

- Kontni enstriksyon pwoteje, epi
- Enstriksyon angle kòm dezyèm lang (ESL)

Ansèyman ESL pou elèv ki gen konpetans limite nan angle, dapre lalwa ak règleman yo, fèt nan yon pwogram ki prepare pou entegre elèv sa yo nan de pwogram edikasyon regilye amezi ke yap gen fasilite nan angle a. Yo ofri kou Imèsyon nan Angle Pwoteje yo ki anseye pa de pwofesè ESL ki lisansye pou elèv ki limite nan konpetans angle yo. Pwofesè nan klas yo te pran epi ap kontinye pran fòmasyon nan Sheltered English Immersion (Imèsyon nan Angle Pwoteje).

Pwogram Norwood Public Schools la gen ladan li enstriksyon nan klas (SEI) epi enstriksyon Lang Angle atravè yon model kolaboratif enstriksyon alafwa pouse-antrè epi rale-soti. Pwogram lan fèt pou asire ke elèv yo, ki limite nan konpetans Angle, resevwa alafwa enstriksyon Angle-kòm-Dezyèm-Lang ak enstriksyon domèn kontni pwoteje.

Lwa Federal ak Eta yo mande pou ke elèv limite nan konpetans angle (LEP) yo evalue chak ane pou mezire kapasite yo nan lekti, ekriti, koute, epi pale Angle, mete sou sa pwogrè yap fè nan aprann Angle. Pou respekte lwa sa yo, elèv LEP yo dwe patisipe nan ACCESS pou ELL yo

RESPONSE-TO-INTERVENTION (RTI) (REPONS-RIVE NAN-ENTÈVANSYON)

Response-To-Intervention se yon pwosesis ki gen ladan li pou yo bay enstriksyon ak entèvansyon sistematik baze sou rechèch pou sa ki gen pwoblèm pou aprann. Li sipoze ke enstriksyon/entèvansyon yo koresponn ak bezwen elèv la epi ke kontwòl pwogrè a ap fèt san rete. Anplis, RTI fèt pou yon entèvansyon bonè pou evite echèk akademik nan long tèm. Konsa, RTI kapab ranplase epi/oswa ogmante modèl diferans I.Q. lan idantifikasyon andikap pou aprann yo. Yo konsidere RTI tankou yon sèvis edikasyon jeneral, men yo ka aplike li tou nan anviwònman edikasyon espesyal.

KARAKTERISTIK KLE - Sak apre a se yon lis karakteristik kle yo pou yon pwosesis RTI: RTI se prensipalman yon inisyativ edikasyon jeneral ki prepare pou reponn bezwen sak gen difikilte pou aprann yo bonè lan eksperyans edikasyonèl yo. RTI baze sou yon modèl rezoud-pwoblèm ki sèvi ak done pou enfòmè pou pran desizyon yo. Entèvansyon RTI yo aplike sistematikman epi soti lan pratik baze sou rechèch. RTI depann anpil de kontwòl pwogrè ak reyini done. Plan entèvansyon RTI yo prepare, aplike epi kontwole pa yon ekip pwofesyonèl ak plizyè metye. RTI kapab ranplase modèl diferans I.Q. pou detèmine prezans yon andikap pou aprann.

MODÈL 3 NIVO A

Nivo I - Bay depistaj jeneral ak entèvansyon gwoup ki reprezante an jeneral baz pwogram enstriksyon an. Si ansèyman sa diferansye kòrektman, 80-90% elèv yo pral reponn epi rive lan referans ki etabli yo. Evalyasyon yo fèt twa a kat fwa pa ane.

Nivo II - si elèv yo pa fè pwogrè kòrèk lan Nivo I, yap bay sèvis pi entansif ak entèvansyon vize, an jeneral lan anviwònman ti gwoup, anplis de enstriksyon lan pwogram edikasyon jeneral la. Yo kontwole pwogrè a de pre, omwen de fwa pa semèn, epi entèvansyon baze sou rechèch yo ta kapab dire apeprè sis a dis semèn.

Nivo III - pou elèv yo ki pa reponn kòrèkteman lan entèvansyon vize lan Nivo II a, yo ta dwe konsidere kalifikasyon pou sèvis edikasyon espesyal yo dapre Lwa Edikasyon Endividi ak Andikap (IDEA 2004). Yo ka mande tès anplis epi elèv yo ta dwe resevwa entèvansyon vize entansif pèsonalize pou kapasite yo gen feblès ladan yo a.

FÈMTI AK EGZÈSIS IJANS

Tanzantan nou gen de egzèsis ijans. Lè yo sòti lan bilding lan, yo atann ke elèv yo rete lan yon sèl liy epi san bwi pandan ke pwofesè yo ap pran prezans yo. Elèv yo pa dwe tounen lan bilding lan pou jis yo bay siyal ke "tout bagay klè". Elèv yo kapab soti nan bilding lan plizyè jan epi aliyen andeyò lekòl la lan yon kote diferan dapre klas ke yo ladan li an lè alam lan sonnen. Kòm rezilta, elèv yo dwe abitye ak plan pou sòti a pou chak klas, epi konsa pwofesè yo pral revize sa avèk chak klas yo. Elèv yo ki pa nan klas yo lè alam dife a sonnen, oswa ki sou wout pou ale nan klas la, ta dwe soti pa pòt ki pi pre a epi chèche kote pwofesè klas yo a ye sou teren kous la.

Egzèsis fèmti yo pral fèt tou tanzantan pandan ane a. Elèv yo ki pa lan sal klas yo a lè yo anonse fèmti a ta dwe ale lan klas oswa biwo ki pi pre a epi swiv direksyon pèsònèl la ap bay yo.

ZAM

Seksyon 37 - Seksyon 37L nan chapit 71 yo di ki nan Lwa Jeneral yo, jan li parèt lan Edisyon Ofisyèl 1990 la, avek sa a amande lè yo ajoute paragaf ki apre yo:

Anplis, nenpòt pèsònèl depatman lekòl dwe rapòte alekri bay sipèvizè dirèk yo yon ensidan ki konsène yon elèv ki gen nan posesyon li oswa ap sèvi ak yon zam danjere nan lokal lekòl la yo nenpòt ki lè.

Sipèvizè yo ki resevwa yon rapò zam konsa dwe anrejistre li ak sipè entandan lekòl sa a, ki pral anrejistre

de kopi rapò zam yo di a ak chèf polis lokal la, Depatman Timoun ak Fanmi, biwo sèvis elèv la oswa sak ranplase li a lan nenpòt distrik lekòl, ak komite lekòl lokal la. Sipè entandan sa a, chèf polis la, ak repwezantan Depatman Timoun ak Fanmi a (DCF), ansanm ak yon repwezantan biwo sèvis elèv la oswa sak ranplase li, dwe fè aranjman yon evalyasyon elèv ki enplike lan rapò zam sa a. Elèv sa a dwe refere bay yon pwogram konsèy; a kondisyon, kanmenm, ke konsèy sa koresponn ak estanda akseptab yo jan komisyon edikasyon an te di a. Lè sesyon konsèy la fini, yon lòt swivi evalyasyon dwe fèt pou elèv sa a pa tout moun ki te fè pati premye evalyasyon an.

Yon elèv kap transfere lan yon sistèm lokal dwe bbay nouvo sistèm lekòl la yon dosye lekòl konplè pou elèv kap antre a. Dosye sa yo dwe gen ladan yo, men pa sèlman, nenpòt ki ensidan ki enplike sispansyon oswa vyolasyon pa ak kriminel oswa rapò insidan ki di ke elèv sa a te akize de nenpòt ak sispèk.

RESPONSABLITE POU PARAN KI PA GEN GAD POU RESEVWA DOSYE ELÈV YO

1. Pou jwenn dosye elèv yo, Paran ki Pa Gen Gad dwe bay lekòl la yon demann yon sèl fwa alekri pou dosye yo. 2. Yon paran ki pa gen gad kalifye pou resevwa aksè nan dosye elèv la amwens ke:

a. Yo te refize paran an gad legal oswa te resevwa lòd pou vizit sipèvizè, baze sou yon menas pou sekirite elèv la epi menas la espesifikman make lan lòd regadan gad oswa vizit sipèvizè a, oswa b. yo te refize vizit paran an, oswa c. aksè paran an pou elèv la te entèdi pa yon lòd tanporè oswa pèmanan, amwens ke lòd pwoteksyon an (oswa nenpòt lòd ki chanje lòd pwoteksyon an) espesifikman pèmèt aksè nan enfòmasyon ki nan dosye elèv la, oswa d. gen yon lòd jij titèl ak tribinal familyal ki entèdi distribisyon dosye elèv la yo bay paran an. 3. Depi li resevwa demann lan lekòl la pral touswit avèti paran ki gen gad la pou demann lan pa lèt sètifye epi pa lapòs premyè klas, nan alafwa lang prensipal paran ki gen gad la epi an Angle. Avètisman an ap enfòmè paran ki gen gad la ke enfòmasyon yo mande a dapre Seksyon 34H ta dwe remèt bay paran kap mande a apre 21 jou amwens ke paran ki gen gad la bay direktè a yon dokiman lòd tribinal aplikab. 4. Yon fwa ke demann lan apwouve, tout enfòmasyon sou adrès elektwonik,

lapòs, ak nimewo telefòn ki gen rapò ak swa travay oswa kay paran ki gen gad la ta dwe retire soti nan enfòmasyon kap bay yo. Dosye sayo pa kapab sèvi pou enskri yon elèv nan yon nouvo lekòl. 5. Tout dokiman sa yo ki limite oswa entèdi aksè paran nan dosye yon elèv oswa enfòmasyon ke yo te bay lekòl la oswa distrik lekòl la dwe plase nan dosye elèv la.

TRANSFÈ DOSYE

Dapre Massachusetts Student Record Regulations (Règleman Dosye Elèv Massachusetts) yo, lè yon elèv ap transfere nan yon nouvo lekòl, direktè a ka voye "dosye lekòl konplè" a san konsantman davans paran yo. Si yon timoun ap transfere nan yon nouvo lekòl, kesaswa nan oswa andeyò Norwood, dosye lekòl konplè li pral voye bay nouvo lekòl la, ak ladan li men pa sèlman sa, dosye disiplin, transkrip (relve nòt), dosye sante, avek nenpòt dosye Edikasyon Espesyal yo.

DESTRIKSYON DOSYE ELÈV

Transkript elèv la dwe rete nan depatman lekòl la epi kapab detwi sèlman swasant (60) lane apre gradyasyon li, transfè, oswa ke li kite sistèm lekòl la, lè sa a sèlman, sou desizyon Komite Norwood School la. Pandan tan ke elèv la anwole nan lekòl la, direktè a oswa moun li deziyen an gen dwa tanzantan revize epi detwi enfòmasyon ki ka twonpe, twò ansyen, oswa ki pa gen rapò ki nan dosye tanporè a, a kondisyon ke yo avèti elèv kalifyab la ak paran/gadyen li alekri epi yo bay yo opòtinite pou resevwa enfòmasyon an oswa yon kopi li avan yo detwi li. Yon kopi avètisman sa a dwe rete nan dosye tanporè a. Dosye tanporè nenpòt ki elèv ki anwole nan dat oswa apre dat efektif règleman sa yo ta dwe detwi sis (6) lane apre ke elèv la transfere, gradye, oswa kite sistèm lekòl la. Yon avètisman alekri bay elèv kalifyab ak paran/gadyen li ak enfòmasyon, antye oswa an pati, ta dwe voye ba yo nan moman transfè, gradyasyon, oswa depa sa a. Avètisman sa a dwe anplis avètisman regadan destriksyon dosye ki gen lèt woutin enfòmasyon an ke yo mande nan seksyon 10 règleman sa yo. Lot règleman regadan dosye elèv yo disponib pou elèv yo ak lòt moun enterese pou lin nan biwo oryantasyon an.

LWA SOU DWA AK KONFIDANSYALITE POU EDIKASYON FAMILYAL (FERPA)

Pandan ane a lekòl la kapab pibliye sou entènèt la oswa pou piblikasyon non, adrès, klas, patisipasyon yon elèv nan de aktivite rekonèt ofisyèlman ak espò, diplòm, onè, pri, epi plan pou apre lekòl segondè san konsantman elèv kalifye a oswa paran yo. Dapre Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) (Lwa sou Dwa ak Konfidansyalite pou Edikasyon Familial) la paran ak/oswa elèv kalifye yo gen yon dwa pou enfòm lekòl la nan yon tan rezonab ke yo pa swete ke sèten enfòmasyon pibliye san konsantman davans. Sa ki pa swete ke sèten oswa tout enfòmasyon sa yo pibliye dwe voye yon avètisman alekri bay direktè a.

LWA SOU AVÈTISMAN PARAN

Dapre Lwa Jeneral Massachusetts yo Chapit 71, seksyon 32A, yon paran gen dwa pou egzante pitit yo a nan nenpòt pòsyon nan pwogram lan ki enplike prensipalman edikasyon seksyèl imen oswa sijè sou seksyalite imen yo. Pou resevwa egzanpsyon sa a yon paran dwe voye yon demann alekri bay direktè a pou mande yon egzanpsyon pou pitit li a. Okenn elèv ki egzante pou pòsyon pwogram sa a pap gen penalite. Si paran yo ak/oswa elèv kalifye yo ta vle yon apèsi de pwogram sa a, tanpri kontakte biwo direktè a.

SEKSYON SIYATI

Dokiman ki apre yo ta dwe siyen epi retounen bay pwofesè pwensipal elèv la:

1. Antant Elèv sa a.
2. Antant pou Itilizasyon Akesptab la.

OPSYONÈL: Si ou **PA** vle ke imaj pitit ou parèt nan nenpòt kalite medya lekòl (egzanp bilten nouvèl lekòl, jounal, elatriye) tanpri ranpli fòm refi medya a epi retounen li.

REKONESANS KE OU RESEVWA LIV GID ELÈV, PARAN, AK GADYEN

Mwen te li epi konprann liv gid la. Mwen dakò pou mwen respekte règ konpòtman an ak tout règ/règleman yo, ak ladan yo amandman Lwa Jeneral yo, Chapit 269, ki entèdi pratik brimade inisyasyon an (hazing) (Lwa a lan liv gid sa a).

Tanpri Ekri an gran lèt

Non Elèv la: _____ Dat: _____

Siyati Elèv la _____

Klas Pwensipal: _____

Siyati Paran/Gadyen _____

FÒM SIYATI REFI MEDYA

Tanzantan medya yo mande lekòl yo pou fè entèvyou ak/oswa foto elèv yo kòm pati lan kouvèti evenman pozitif lekòl la. An jeneral paran yo pèmèt sa fèt, men nou konprann ke gen sikonstan pèsoneèl epi nou respekte swè chak fanmi. Si ou pa swete ke yo pran foto pitit ou oswa ke li parèt lan okenn videyo anrejistre, tanpri ranpli seksyon anba a epi fè pitit ou a pote li tounen bay pwofesè pwensipal li a.

Si fòm sa a pa ranpli epi retounen, nou konprann ke Dr. Philip O. Coakley Middle School gen dwa pibliye, dwa otè, oswa itilize fim yo, foto yo, imaj fèt sou odinatè, epi enprime ak pawòl pale ke pitit ou a landan yo, keseswa yon pwofesè, elèv, oswa lòt ki pran yo. Amwens ke fòm sa retounen, paran/gadyen an pèmèt ke yo sèvi ak foto sa yo, fim yo, ak pawòl yo pou nenpòt egzibisyon, afichaj, paj entènèt ak piblikasyon, san rezèvasyon oswa konpansasyon, pou ane lekòl 2018-2019 lan.

*** Retounen li sèlman si ou PA pèmèt ke yo fè foto oswa anrejistre pitit ou a***

mwen pa pèmèt ke pitit mwen an fè pati de fotografi oswa videyo baze sou lekòl la.

Non lekòl la _____

Non elèv la _____

Klas _____

Non paran an _____

Siyati Paran _____

Dat _____